Къалэн нэхъыщхьэ

2-нэ нап.

«Махуэку»

3-нэ нап.

Бжьыхьэм и теплъэ зызыхъуэжыр

4-нэ нап.



Сурэтхэм къыбжаIэ куэд

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ

ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№110 (24.860) ● 2025 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 11, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

Къабзагъэр - узыншагъэщ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Iым и къуэдзэ Патрушев Дмитрий видеоконференц IэмалкIэ иригъэкIуэкIа зэIущIэм. Ар епхат къэралым кIэрыхубжьэрыху быдэхэм зэрелэжьыну Iэмалхэр къызэрызэригъэпэщ щыкIэм.

«Мы Iуэхур 2030 гъэ пщIондэ дгъэзэщIапхъэ къалэнхэм язщ, - щетх КIуэкIуэ Казбек и хъыбарыбзэ напэкIуэцIым. – Псалъэм папщIэ, кIэрыхубжьэрыху быдэхэм я процентищэр зэхэддзу дыхьун хуейщ, я зэхуэдитIыр щIым щIатIэу, пIIанэм етIуанэрейуэ елэжьыжу. А Iуэхум теухуауэ УФ-м ЩIыуэпсымкIэ и министерствэмрэ Урысейм экологиемкIэ и операторымрэ дадолажьэ».

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ щIыналъэхэр кIэрыхубжьэрыху щызэхуахьэс, зэрыдаш IэмэпсымэхэмкIэ къызэрызэрыгъэпэща щIыкIэми. Ди республикэм пхъэнкIий идзыпIэу мини 5-м нэс иIэщ, кIэрыхубжьэрыху быдэхэр щызэхуахьэсу, ахэр зралъхьэ контейнерхэм я бжыгъэр мини 10-м щIегъу. Дызэрыт илъэсым иджыри 500 къащэхунущ, жьыхэр яхъуэжын папщIэ. КъинэмыщIауэ, пхъэнкIий зэхуэхьэсыпIэу 12 зэрагъэпэщынущ, 20-р зыхуей хуагъэзэнущ.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ щIыналъэхэм лизинг IэмалкIэ кIэрыхубжьэрыхум зэрелэжь Iэмэпсымэхэр зыIэрагъэхьэ зэрыхъунуми.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж террорист, экстремист лэжьыгъэм къыпыкIыну мурад зыщIа цIыхухэр мамыр гъащIэм хэзэгъэжыным щIэгъэкъуэн хуэхъунымкIэ щыIэ Комиссэм хэтхэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2016 гъэм мэлыжьыхьым и 21-м къыдигъэкIа Указ №43-УГ-мкIэ къащтам зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и деж террорист, экстремист лэжьыгъэм къыпыкIыну мурад зыщIа цIыхухэр мамыр гъащIэм хэзэгъэжыным щIэгъэкъуэн хуэхъунымкIэ щыIэ Комиссэм хэтхэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2016 гъэм мэлыжьыхьым и 21-м «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж террорист, экстремист лэжьыгъэм къыпыкIыну мурад зыщIа цIыхухэр мамыр гъащIэм хэзэгъэжыным щIэгъэкъуэн хуэхъунымкIэ щыIэ комиссэм хэтхэр къэщтэным и IуэхукIэ» къыдигъэкIа Указ №43-УГ-мкIэ щIэгъэбыдам мыпхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Комиссэм хэгъэхьэн мы къэкIуэнухэр:

Бэдракъ А. С. Сабийм и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэр (зэрызэгурыIуам тету)

Тогузаев Т. М. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ къыщхьэщыжыныгъэмкIэ и министрыр;

б) **Къуэшырокъуэ З. М.** и къулыкъур мыпхуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Iым и къуэдзэр *(Комиссэм и унафэщIым и къуэдзэщ)»*;

в) **Бетокъу З. Р.** и къулыкъур мыпхуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Iым и къуэдзэм и секретариатым и Iэтащхьэр (*Комиссэм и секретарщ)»*;

г) **Михайлюк Д. Л.** и къулыкъур мыпхуэдэу тхын: «Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ IэнатIэм Къэбэрдей-Балъкъэр РеспубликэмкIэ и управленэм и унафэщIым и къуэдзэр *(зэрызэгурыIуам тету)»*;

д) Комиссэм хэгъэкIын Асанов А.О., Бабаев А.М., Бэрсэдж А.М., Лъынэ С.А.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2025 гъэм фокIадэм и 8-м
№96-УГ

ХьэщIэхэм дапоплъэ

Урысейм илъэс зыбжанэ хъуауэ щызэхашэ «ЗэхъуэкIыныгъэ ин» зэхьэзэхуэм и кIэухым ипэ къихуэ зэпеуэр мы гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэ Налшык щекIуэкIынущ.

КАВКАЗ Ипщэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэхэм хыхьэ щIыпIэ 15-м къабгъэдэкIыу, IэщIагъэ щрат еджапIэхэм я студент 500-м щIигъу къекIуэлIэнущ фокIадэм и 11-15-хэм Налшык щызэхэтыну «ЗэхъуэкIыныгъэ ин» зэхьэзэхуэм и кIэухым ипэ къихуэ зэпеуэм.

Программэм хиубыдэу, хьэщIэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэм, псэукIэм щыгъуазэ защIынущ, щIэныгъэм хэзыгъахъуэ зэпеуэ Iыхьэхэм пхыкIыну къапэщылъщ.

8-10 классхэм щIэсхэмрэ колледжхэм щеджэ щIалэгъуалэмрэ ящыщу текIуэхэм тыгъэу сом мелуан иратынущ, я щIэныгъэм хагъэхъуэн, IуэхущIэхэм зрапщытын папщIэ. КъинэмыщIауэ, балл къахьхэр еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэтIысхьэнымкIэ къахуэсэбэпынущ. Тыгъэ иратынущ ахэр зыгъэса егъэджакIуэхэмрэ гъэсакIуэхэмри.

КЪУДЕЙ Iэминэ.

АдэфI къуэфI хуэщщ

Налшык къалэ иджыблагъэ Iуэхугъуэ щхьэпэ щекIуэкIащ: «Урысейм и адэхэр» зэгухьэныгъэм игъэува «Сэлэтым и адэ» медалхэр иратыжащ дзэ Iуэху хэхам лIыгъэ щызезыхьа ди щIалэхэм я адэхэм.

ЩIЫХЬ зыпылъ жылагъуэ дамыгъэр хуагъэфэщащ СВО-м хахуагъэ къыщызыгъэлъэгъуа ди зауэлIхэм я адэхэу Хьэсанэ Русланрэ Лъэпщ Мусарэ. Апхуэдэ хъыбар къитащ «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и щIыналъэ къудамэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэм.

ЗэIущIэр къызэзыгъэпэщар «Хэкум и хъумакIуэхэр» щIыналъэ фондырщ. Адэхэм дамыгъэхэр езытар фондым и унафэщIым и къуэдзэ Мзокъуэ Темболэтщ.

«Сэлэтым и адэ» медалыр быныфIхэр зыгъэса адэхэм я щIыхьыр зыIэтщ, щыжаIащ зэхуэсым икIи ар зратахэм фIыщIэ ин хуащIэщ я щIэблэр хэкупсэ нэсу зэрагъэсам папщIэ.

БЭБЭЧ Башир.

Лъэмыжхэм йолэжь

Шэджэм ЕтIуанэ - Булунгу гъуэгум хиубыдэ лъэмыжхэр зэгъэпэщыжыным епхауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI.

IЭЩIАГЪЭЛIХЭМ лъэмыжи 9 зэрагъэпэщыжыну къапэщылъти, 6-м лэжьыгъэр и кIэм щынагъэсащ. Псори зэхэту, абыхэм метр 215-рэ я кIыхьагъщ.

Нэхъ къаруушхуэ иджыпстукIэ зрахьэлIэр ухуэныгъуищщ: псыежэххэу Шэджэмрэ Джунгу-Суурэ телъхэрщ. ЗэфIэгъэкIын хуей лэжьыгъэхэм я нэхъыбэр и кIэм нэсащ. Лъэмыжи 9-ри бжыыхьэм хьэзыр хъунущ.

Зи гугъу тщIы Iуэхур зэфIэкIмэ, абы иригъэфIэкIуэнур цIыхухэм я псэукIэм и закъуэкъым, атIэ туристхэми щIыпIэр нэхъ зекIуэгъуафIэ ящищIынущ.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Ипотекэм хыхьахэм зыщIагъакъуэ

Къэралым и цIыхухэм я псэупIэхэр егъэфIэкIуэным ехьэлIауэ Урысей Федерацэм и Правительствэм лэжьыгъэ пыухыкIа иригъэкIуэкI зэпытщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, иджыблагъэ унафэ къыдэкIащ «Унагъуэ ипотекэ», «КъуэкIыпIэ Жыжьэ арктикэ ипотекэ», «Худэчых зыхэт ипотекэ» программэхэмкIэ унэ къэзыщтахэм щхьэщатыкIыр зэрыхуагъэмэщIэн иратыну.

А IУЭХУГЪУЭХЭМ щхьэкIэ, япэм къаутIыпщахэм нэмыщI, сом меларди 100,4-рэ УФ-м и Правительствэм и ахъшэ гъэтIылъыгъэм мы гъэм къыхагъэкIынущ.

А ахъшэм щыщу сом мелард 53,4-р «Унагъуэ ипотекэм» техуэр ягъэмэщIэным ягъэкIуэнущ. Сабий зиIэ унагъуэхэм абы Iэмал яритынущ къащта ипотекэм щхьэщатыкIыр проценти 6-м фIамыгъэкIыу хузэтраIыгъэну.

Сом меларди 9,6-р «КъуэкIыпIэ Жыжьэ арктикэ ипотекэ» программэм ягъэкIуэнущ. А программэмкIэ процентыр 2-м щIигъуркъым.

Къэнэжа сом мелард 37,4-мкIэ «Худэчых зыхэт ипотекэ» программэм, зи пIалъэр 2024 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м иухам, щхьэщатыкIым халъхьэнущ.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

ЩIыхуэ къэзыщтэхэр

2025 гъэм зэрыщIидзэрэ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ кредит цIыкIухэр етынымкIэ и фонд» IуэхущIапIэм щIыхуэу 56-рэ итащ, псори зэхэту сом мелуан 18,25-рэ хъууэ.

КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, а кредитхэм ящыщу 28-р къыIахащ я щхьэ хуэлэжьэжыну зезыгъэтхахэм, 22-р – унеи IуэхущIапIэхэм, 9-р - компаниехэм.

Ахъшэ щIыхуэу псори зэхэту ятам и процент 50-м нэблагъэр къащтащ унеи IуэхущIапIэхэм - сом мелуани 8-рэ мин 430-рэ, я щхьэ хуэлэжьыну зезыгъэтхахэм – сом мелуани 4-рэ мин 975-рэ, компаниехэм - сом мелуани 4-рэ мин 850-рэ.

Бжыгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, кредит мыинхэр нэхъыбэу къэзыщтэ IэнатIэхэм яхохьэ мэкъумэшым, сатум, ерыскъыхэкIхэмрэ щыгъынхэмрэ къыщIэгъэкIыным, хьэлъэхэр гъэIэпхъуэнымрэ Iуэхутхьэбзэ зэхуэмыдэхэр лэжьынымрэ пэрыт IуэхущIапIэхэр.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

«Адыгэ псалъэр» зи Iэпэгъу нэхъыжьыфI

Налшык къалэм щыпсэу Жылэ Тамарэ «Адыгэ псалъэ» газетым и ныбжьэгъу пэжщ. Iэ тредзэ, къыIэрохьэ, зы къыдэкIыгъуэ къэмынэуи щIеджыкI.

ИЛЪЭС куэдкIэ курыт еджапIэм адыгэбзэмкIэ щригъэджащ абы. 1954 гъэм щIэтIысхьауэ щытащ пединститутым. «Урысыбзэмрэ урыс литературэмрэ лъэпкъ курыт еджапIэхэм» жиIэу а зэманым щыIа къудамэрт щIэныгъэ щызригъэгъуэтар. ЩIэныгъэ зригъэгъуэта нэужь, урысыбзэмкIэ иригъэджэну ягъэкIуащ Жэмтхьэлэ. Илъэс зыбжанэкIэ абы щыIауэ Налшык 18-нэ курыт еджапIэм, иужькIэ 9-нэ, 14-нэ школхэм адыгэбзэр щригъэджащ. АнэдэлъхубзэмкIэ егъэджакIуэу лэжьэныр Тамарэ и гум зэрыдыхьам и щыхьэтщ ар а IэнатIэм илъэс 40 хуэдизкIэ зэрыпэрытар.

Тамарэ и щIалэгъуэм тепсэлъыхьыну дыщелъэIум, жиIащ щIалэгъуэ дахэ зэриIар. Къыхигъэщащ абы щыгъуэ щIалэгъуалэм нэмыс зэрахэлъар, цIыхухэр зэхуэгуапэрэ ягу зэхуэкъабзэу къызэдэгъуэгурыкIуэу зэрыщытар. «Иджы зи щIалэгъуэхэм ебгъапщэмэ-щэ?» - щыжытIэм, къыдгуригъэIуащ зэманитIыр зэрызэримыгъапщэр.

Тамарэ и щIалэгъуэм хэтащ ди университетым адыгэ къафэхэмкIэ и ансамблым. Районхэм, къуажэхэм щIэх-щIэхыурэ яшэрт, зыкъагъэлъагъуэрт. Университетым и дапIэм ансамблым хэтхэм фащэ екIухэр щыхурагъэдати, ар я гуфIэгъуэт. Ансамблым зэрыхэтар IэфIу и гум илъщ, дауи, а зэманым епха гукъэкIыжхэри и куэдщ. Дэ абыхэм ящыщу зы закъуэ дыщигъэгъуэзащ:

- Зэгуэр зыкъэдгъэлъэгъуэну зыщIыпIэ дашауэ, утыкум дыкъихьат. Сэ къэфэн духа хуэдэу къысфIэщIри, сакъыхэкIат. АрщхьэкIэ, сыкъызэплъэкIри, си гъусэхэр иджыри къафэрт. Аргуэруи, сыкъафэурэ сыкъихьэжати, пэшым щIэсхэм гу къыслъатащ. Iэгуауэшхуэ схуаIэтат, я гур хэхъуэуи зэщIэдыхьэшхат, - жеIэ Тамарэ.

Ди псэлъэгъу нэхъыжьым хъыджэбзитI иIэщ, тIури дохутыр IэщIагъэм хуэпэжщ. Пхъурылъхуих иIэщ, быным и быныжхэм къащIэхъуэжа щIэблэми ягъэгуфIэ.

- Илъэс куэд хъуауэ «Адыгэ псалъэ» газетыр тызодзэ. Ар си Iэпэгъущ «Ленин гъуэгу» фIэщыгъэр щызэрихьа лъандэрэ. Нэхъыбэу сызыгъэпIейтейр лъэпкъ гупсысэрщ, пэжым ухуеймэ. АдыгэбзэкIэ зы газет закъуэ республикэм къыщыдэкIмэ, ар щхьэ илъын хуэмейрэ адыгэ унагъуэ псоми. Ар адыгэбзэм, лъэпкъым я дежкIэ пщIэщ - хабзэ дахэм хуэдэщ адыгэ унагъуэм адыгэ газетыр илъыныр. Дэ тедмыдзэмэ, хэт къыфIэIуэхун, хэти еджэн? - жеIэ.

АдыгэбзэкIэ зэрытха къудейм щхьэкIэ и унагъуэ иригъэлъуи аракъым ди щIэджыкIакIуэм газетыр. КъыIэрыхьауэ щызэригъэтIылъэкIи къэхъуркъым.

- Тхыгъэ купщIафIэхэр, акъыл зыхэлъхэр, гурэ псэкIэ арэзы сызытехъуэхэр къытохуэ. Гупсысэ зэхуэмыдэхэм сыхуишэу, бзэм и зэхэлъыкIэри дгъэщIагъуэу щIэзыджыкI куэду срохьэлIэ, - щыжиIэкIэ, дыщIоупщIэ нэхъ дэзыхьэхыу зэджэхэм:

- ГъащIэ зылъэгъуа, дунейм и пIалъэ зыщIэ, ныбжь зиIэ цIыхухэм ятеухуа тхыгъэхэр, абыхэм фазэрепсалъэр сфIэфIщ щIэзджыкIын. ЦIыху цIэрыIуэхэм, гъуазджэр къызыгурыIуэхэм, сурэтыщIхэм, IэпщIэлъапщIэхэм, IэпэIэсэхэм, дэрбзэрхэм ятеухуахэри къыхызогъэщ. Газет тхыгъэхэм ящIэлъ гупсысэкIэ, зытеухуа IуэхугъуэкIэ, зэрытха бзэкIэ газетым и фIагъыр къэплъытэмэ, мыр къыбгуроIуэ: «Адыгэ псалъэ» газетым зэфIэкI зиIэ гуп дахэ йолэжь икIи зыхыбощIэ тхыгъэхэр зи Iэдакъэ къыщIэкIхэм я IэщIагъэр фIыуэ зэралъагъур, зэрыхуэпэжыр, - жеIэ Тамарэ.

Дэри ди щIэджыкIакIуэ пэжым дохъуэхъу узыншагъэ иIэу, и унагъуэ жьэгур хуабэу куэдрэ псэуну!

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Къалэн нэхъыщхьэ

● Пэрытхэр

ЗэхъуэкIыныгъэхэр щыкуэд иджырей дунейр гъэнщIащ Iуэхугъуэ хьэлэмэтхэмкIэ, Iэмал къызэрымыкIуэхэмкIэ, зэпыщIэныгъэ гъэщIэгъуэнхэмкIэ. Унафэр зыIэщIэлъ къулыкъущIэхэмрэ цIыху къызэрыгуэкIхэмрэ я гупсысэкIэ, жэрдэмкIэ, IуэхукIэ зэпащIэу дэ къытхэтщ жылагъуэ гъащIэр егъэфIэкIуэным зи лэжьыгъэр хуэгъэпсахэр. Апхуэдэщ жылагъуэ лэжьакIуэхэр - цIыхухэм сэбэп яхуэхъуныр, гъащIэр нэхъ тынш, екIу, дахэ щIыныр, къэзылэжьам хуэфащэр лъыгъэсыжыныр, захуагъэмрэ пэжыгъэмрэ дунейм щытепщэ хъужыныр зи къалэн нэхъыщхьэу зыхуэзыгъэувыжу псэухэр. ФIыщIапщIи щымыгугъыу, я щхьэкIэ къагъэсэбэпын хьер гуэри къыпахыну хущIэмыкъуу, ахэр гу къабзэрэ псэ хьэлэлкIэ жылагъуэм яхуолажьэ, абы ифI зыхэлъ Iуэхугъуэхэм я жэрдэмщIакIуэу, зэщIэгъэуIуакIуэу, гъэзэщIакIуэу. Зи гугъу тщIы мардэм тету зи гъащIэр езыхьэкIхэм ящыщщ жылагъуэ лэжьакIуэ емызэшхэм я щапхъэу куэдым къалъытэ Iэщнокъуэ Олег Анурбэч и къуэр. Хэкупсэ нэсу дунейм тет а адыгэлIым и ныбжьыр мы махуэхэм илъэс 70 ирикъуащ.

КъБКъУ-м и проректор Балъкъэр Борисрэ парт лэжьакIуэ Тэрчокъуэ ХьэзрэIилрэ я гъусэу. *1982 гъэ*

«ЗИ бжыгъэр мащIэ лъэпкъхэмрэ лъэпкъ къудамэхэмрэ зегъэужьынымкIэ дунейпсо фондым» ди щIыналъэм щиIа къудамэм и лэжьыгъэм хьэрычэт хэзылъхьа, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм илъэс куэд лъандэрэ хэт Iэщнокъуэм иригъэкIуэкI жылагъуэ лэжьыгъэ щхьэпэхэм ди республикэм и цIыху куэд щыгъуазэщ. Олег и къалэмыпэм къыпыкI тхыгъэ купщIафIэхэр (Iуэхугъуэ щхьэхуэхэм ятеухуа статья гъэщIэгъуэнхэр, цIыху цIэрыIуэхэм я гъащIэмрэ лэжьыгъэмрэ къыщыгъэлъэгъуэжа очерк хьэлэмэтхэр, къэхъукъащIэ къызэрымыкIуэхэр зи лъабжьэ теплъэгъуэхэр) мызэмытIэу къытохуэ ди республикэм къыщыдэкI «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Кабардино-Балкарская правда», «Горянка» газетхэм, «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Литературная Кабардино-Балкария» литературэ-художественнэ, жылагъуэ-политикэ журналхэм. Iэщнокъуэм и жэрдэмкIэ КъБР-м и лъэпкъ радиоми телевиденэми куэдрэ къы-щызэрагъэпэщ, къат, къагъэлъагъуэ нэтын зэмылIэужьыгъуэхэр.

ГъащIэм, цIыхум яхуиIэ лъагъуныгъэмрэ лэжьыгъэкIэ хэлъ жыджэрагъышхуэмрэ, шэч хэмылъу, пэщIэдзэ дахэ яхуэхъуащ Олег къызыхэкIа унагъуэр. Абы и адэ Анурбэч мэкъумэш лэжьыгъэм щыпэрытхэм ящыщу дэсащ Хьэтуей адыгэ жылэжьым. И ныбжьыр илъэс 18-м иту Анурбэч фронтым Iухьащ икIи лIыгъэ къигъэлъагъуэу зэуащ, КавказщIыб фронтым и Ищхъэрэ дзэ гупым хэту. ЩIалэщIэр зауэм гугъу зэрыщехьа псоми я щхьэжт лъэхъуэщым щрихьэкIа илъэсхэр. 1942 гъэм ар, езым хуэдэ красноармеец 11 и гъусэу, пцIы къытралъхьэри, ягъэтIысауэ щытащ. А илъэс ткIийхэм ди зауэлI куэд хэхуауэ щытащ апхуэдэ бэлыхьхэм. Абыхэм я Iуэхур щIэрыщIэу къаIэту иджыри зэ хэплъэжыну къэрал унафэщIхэр щыхунэсар илъэс бжыгъэ дэкIа нэужьщ. Апхуэдэу хъуащ Iэщнокъуэ Анурбэч и Iуэхури. Лажьэ имыIэу ягъэтIысауэ зэрыщытар къыщIэщыжри, Анурбэч хей ящIыжащ, илъэсий дэкIа нэужь. Гугъуехьышхуэхэр, щыщIэныгъэ мымащIэхэр зышэча Iэщнокъуэм щалъхуа щIыналъэм къыщигъэзэжыфар 1950 гъэращ. Абы и бгъэм щылыдырт зауэ IэнатIэм щыIутам къыхуагъэфэщауэ щыта дамыгъэр: Хэку зауэ орденым и 2-нэ нагъыщэр. Ар и щыхьэтт адыгэ щIалэщIэр пэжу, къикIуэт имыщIэу бий бзаджэм зэрыпэщIэтам.

Апхуэдэ гугъуехьхэмрэ бэлыхьышхуэхэмрэ къыпхыкIыфа Анурбэч мамыр гъащIэм хэувэжащ, гужьгъэжь лъэпкъ къэралым хуимыIэу, и гур зыужьыныгъэмрэ зыузэщIыныгъэмрэ хуэгъэпсауэ ар щылэжьащ жылэм щызэхэт хозяйствэм. ЗэрымыщIэкIэ къытехуа пцIы емынэм къыхуихьар ищIэжырти, ар сыт щыгъуи щытащ пэжщIэкъуу, захуагъэм и телъхьэу. Апхуэдэу цIыху пэжт, акъылыфIэт абы щхьэгъусэ хуэхъуа бзылъхугъэри. КъызыхэкIа лъэпкъкIэ Балъкъэр Ипщэм щыщ Жэмкъулей Къэсей ипхъу Къэрэжант ар.

- Гугъуехь куэд зыгъэва ди адэ тхьэмыщкIэр гъащIэ мащIэт. И узыншагъэр лъэхъуэщым къыщытIэсхъати, а фэбжьхэм зыкърагъащIэ зэпыту екIуэкIащ ар икIи пасэу дунейм ехыжащ. Апхуэдэу щыхъум, ди анэм цIыкIуцIыкIу защIэу дыкъыхуэнауэ щытащ зэрыбинищыр: сэ, си къуэш Анатолэ, ди шыпхъу закъуэ Таисэ, - и сабиигъуэр игу къегъэкIыж Олег. - Адыгэм зэрыжаIэу, и бгыр щIикъузэри, ди анэм быныр дыкъигъэхъуащ, дызэрып-сэун щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ дигъэгъуэтащ. Нэхъыщхьэращи, цIыху хуэдэ цIыхуу, гууз-лыуз диIэу, ди щхьэ Iуэхум япэ нэгъуэщIым ейр идгъэщыфу, пэжыр, захуагъэр ди гъуазэу гъащIэм дыхигъэуващ.

Анэм быным щIэх-щIэхыурэ ягу къигъэкIыжырт я адэм дуней еплъыкIэ екIурэ гупсысэ дахэу бгъэдэлъахэр. Абы и фэеплъыр ящимыгъэгъупщэу, ТекIуэныгъэм и махуэшхуэм гулъытэ хэха хуищIыни фIэфIт. И щхьэгъусэм и мызакъуэу, абы и дэлъхуитIри хэтат Хэку зауэшхуэм, абы и мафIаем илыпщIахэм, илыгъуахэм ящыщу. А Iуэхугъуэхэр гукIэ зэзыгъэзахуэ, псэкIэ зыгъэв бзылъхугъэр зэпIэзэрытт, шыIэныгъэрэ сабырагъэрэ зыхэлът. А псомкIи быным щапхъэ нэс яхуэхъурт.

И сабиигъуэр апхуэдэу екIуэкIыурэ балигъ гъащIэм щыхэувэм, Олег мурад ищIащ мэкъумэш IэщIагъэм хуеджэу IэщIагъэлI нэсу жылэм къигъэзэжыну. ЗыщIэхъуэпса IэщIагъэр ехъулIэныгъэкIэ зригъэгъуэтащ абы. IэщIагъэлI гумызагъэ, жэуаплыныгъэ куу зыхэзыщIэ лэжьакIуэ емызэш, цIыхухэм бгъэдыхьэкIэ къахуэзыгъуэт щIалэщIэр университетым къагъэнэжауэ щытащ, и зэфIэкIхэм адэкIи хигъэхъуэну, и зэхэщIыкIми нэхъри зригъэубгъуну. Iэщнокъуэр илъэс зыбжанэкIэ лэжьащ КъБКъУ-м и проректорым и дэIэпыкъуэгъуу, парт, профсоюз Iуэхухэми жыджэру хэтащ. ЩIэныгъэм хуэнэхъуеиншэ щIалэм, зэрылажьэм хуэдэурэ, къиухыжащ КъБКъУ-м и экономикэ факультетри. ИужькIэ Олег бухгалтер нэхъыщхьэу щыIащ КъБАССР-м ЦIыхухэм Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэнымкIэ и министерствэм и автобазэм. Сыт хуэдэ IэнатIэ пэрымытами, ар дапщэщи хущIэкъуащ и къалэнхэр пэжу, нэгъэсауэ зэрызэфIигъэкIыным, дзыхь къыхуащIа IэнатIэр иригъэфIэкIуэным. Жылагъуэ лэжьыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэми сыт щыгъуи хуэжыджэращ Олег. Апхуэдэ Iуэхухэм хэту ар щыIащ хамэ къэрал зыбжанэм: Венгрием, Польшэм, Румынием, Франджым, Чехословакием, Югославием, нэгъуэщIхэми.

Iэщнокъуэ Олег. *1980 гъэ*

Совет лъэхъэнэм къриубыдэу дунейр зэзыгъэлъэгъуа, парт, профсоюз лэжьыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр екIуу зыгъэзэщIа Iэщнокъуэр хущIокъу ди республикэм и ехъулIэныгъэм хуэлэжьа IэщIагъэлIхэм, гъащIэм и унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэжаныкIауэ яхуэфэщэн гулъытэ зымыгъуэтыжа нэхъыжьыфIхэм къэрал гулъытэ егъэгъуэтыжыным. Апхуэдэу яхуэфэщэн пщIэ зыгъуэтыжахэм ящыщщ КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ Нало Ахьмэдхъан, КъБР-м и цIыхубэ дохутыр, КъБКъУ-м и медицинэ факультетым илъэс 25-м нэскIэ и декану щыта Щомахуэ Алексей, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, тхакIуэ цIэрыIуэ Мэлбахъуэ Елбэрд, КъБАССР-м цIыхубэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ и министру, КъБКъУ-м егъэджэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и проректору щыта Балъкъэр Борис, РСФСР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБКъУ-м и профессор Къумыкъу Тыгъуэн, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, философие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Бэлэтокъуэ Виталий сымэ, нэгъуэщIхэри. Абыхэм я цIэхэр нобэ зэрахьэ къыщалъхуа жылэхэм, ди республикэм и къалащхьэм я уэрамхэм, фIащащ курыт еджапIэхэм, щыпсэуа унэхэм фIэдзащ я цIэ-унэцIэхэр зэрыт фэеплъ пхъэбгъухэр. Iэщнокъуэм къыхилъхьа жэрдэмыр пэщIэдзэ хуэхъури, ди республикэм и дохутыр цIэрыIуэ зыбжанэм КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъхэр хуагъэфэщащ.

КъинэмыщIауэ, иужьрей илъэсхэм Iэщнокъуэр елIэлIащ КъБКъУ-м и профессору, еджагъэшхуэу щыта Боташев Хьэсэн и фэеплъым хуэфэщэн пщIэ егъэгъуэтыным. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу СССР-м дзюдомкIэ спортым и мастер япэу хъуащ, а спорт лIэужьыгъуэмкIэ ди республикэм и япэ тренеру щытащ, абыкIэ школ хэха япэу къызэригъэпэщащ, балъкъэрхэм ящыщу физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор япэу хъуари аращ. Апхуэдэу Олег и гулъытэ ялъигъэIэсащ КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутырхэу Iэщнокъуэхэ Аслъэнбийрэ Исуфрэ, КъБКъУ-м ДизайнымкIэ и колледжым и къызэгъэпэщакIуэ икIи япэ унафэщIу щыта Джэршокъуэ Артур, хирург IэкIуэлъакIуэ Тогузаев Альберт сымэ. Iэщнокъуэм и жэрдэмыр я тегъэщIапIэу зэфIэха хъуа лэжьыгъэхэм къарикIуам щыгъуазэщ ди жылагъуэр. Псалъэм папщIэ, абыхэм ящыщщ КъБКъУ-м ДизайнымкIэ и колледжым 2016 гъэм Джэршокъуэ Артур и цIэр зэрыфIащар. ЕджапIэм и иджырей унафэщIхэмрэ студентхэмрэ абы и къызэгъэпэщакIуэм и фэеплъыр сакъыу зэрахъумэнум шэч хэлъкъым.

А лэжьыгъэ купщIафIэхэм хуэдэ куэд и щIыбагъ къыдэлъщ жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэм. Апхуэдэ къалэнхэр зи пщэ дэзылъхьэж дэтхэнэми хуэдэу, Iэщнокъуэм цIыхубэр Iуэхугъуэшхуэхэм къыхузэщIегъэуIуэф, жылагъуэм пщIэ щиIэщи, и псалъэм цIыхур щIодэIури. Олег и жэрдэмыр даIыгъыу ди республикэм куэдрэ къыщызэрагъэпэщ зэхыхьэ купщIафIэхэр, хьэлэмэтхэр. Абыхэм я щапхъэщ СССР-м и цIыхубэ егъэдлжакIуэ, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату щыта Къанщыкъуей Риммэ и щIыхькIэ къызэригъэпэща пшыхь дахэр, ди республикэм и япэ промышленнэ IуэхущIапIэ иным, Нарткъалэ дэт химкомбинатым (иджыпсту «Стандарт-Спирт» ООО) и япэ унафэщIу щыта, парт, совет лэжьакIуэшхуэ, коммунист пэж Iэщнокъуэ Iэмин, УФ-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ, «Стройдеталь» заводым и унафэщIу щыта Бетрожь Къасболэт сымэ я фэеплъхэр щагъэлъэпIа зэхуэсхэр. Спортыр фIыуэ зылъагъу Олег мызэмытIэу я къуажэм щызэхешэ зэхьэзэхуэхэр. Апхуэдэхэщ Боташев Хьэсэн и фэеплъу дзюдомкIэ щыIа зэпеуэхэр, КъБР-м физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, бэнэкIэмкIэ Совет Союзым щэнейрэ и чемпион, спортым и мастер Къуэдзокъуэ Анатолэ и щIыхькIэ зэхашэ зэхьэзэхуэхэр, нэгъуэщIхэри. Iэщнокъуэм лэжьыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр къызэрегъэпэщ Хэку зауэшхуэм хэтахэм я фэеплъыр гъэлъэпIэным, ди къалащхьэм и теплъэр, къабзагъэр егъэфIэкIуэным теухуауи.

Олег и фIэщ мэхъу апхуэдэ жылагъуэ лэжьыгъэм и фIыгъэкIэ республикэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа ди нэхъыжьыфIхэми езы щIыналъэми я пщIэр нэхъри къэIэта зэрыхъунур. А Iуэхухэм лъэныкъуэ куэдкIэ зегъэужьыпхъэу къилъытэу, республикэм щекIуэкI псапащIэ Iуэхухэми жыджэру холэжьыхь Iэщнокъуэр. Ар дэIэпыкъуэгъу яхуохъу гъащIэм щытыкIэ гугъум иригъэува, бын куэд щапI унагъуэхэм исхэм, зи узыншагъэм сэкъат иIэхэри гулъытэншэ ищIыркъым.

- Сэ си насып къикIри, гъащIэм цIыху бэлыхь куэдым сащыхуэзащ, IэщIагъэлI щыпкъэхэр ныбжьэгъуфIу сиIащ. Зи IэщIагъэм хуэIэижь, зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ а цIыху щэджащэхэр гъащIэм гъуазэрэ щапхъэу щызиIащ. Ноби аращ, - жеIэ Iэщнокъуэм. - Си адэм и фэеплъ нэхум, си анэм и псалъэ Iущхэм къысхалъхьа къарумрэ акъылымрэ яхузогъадэ а цIыхушхуэхэм си гупсысэм, зэхэщIыкIым, дуней еплъыкIэм зэрызрагъэужьар. Псом хуэдэжтэкъым си дежкIэ си къуажэгъу еджагъэшхуэ, Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъ куэдым я пщIэ къэзылэжьа Нало Ахьмэдхъан, КъБКъУ-м и проректору щыта, профессор Балъкъэр Борис, а еджапIэ нэхъыщхьэм и парт зэгухьэныгъэм и секретарым и къуэдзэу лэжьа, доцент Тэрчокъуэ ХьэзрэIил сымэ. Абыхэм я чэнджэщ щхьэпэхэр си щIалэгъуэм сэбэпышхуэ къысхуэхъуащ.

Iэщнокъуэм зэрыжиIэмкIэ, сыт хуэдэ жэрдэм къырихьэжьами, ар тэмэму зэфIэха хъунымкIэ дапщэщи дэIэпыкъуэгъушхуэ къыхуэхъуу, чэнджэщкIи IуэхукIи къыкъуэту къекIуэкIащ «Алан» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэу щыта Беппаев Суфьян, Медицинэ лэжьакIуэхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэм и пашэ, дохутыр цIэрыIуэ Бер Мухьэдин, «Налшык» хьэлвэ заводым и унафэщI, КъБР-м и Парламентым и депутат Къудали Мухьэмэд сымэ. Абы зи цIэ къриIуэ IэщIагъэлIхэми, жыпIэнурамэ, ипэжыпэкIэ хэлъхьэныгъэ ин хуащIащ езыхэм я гуащIэрэ акъылрэ зрахьэлIэу къекIуэкIа унэтIыныгъэхэм республикэм зыщиужьынымкIэ, лъэ быдэкIэ щыувынымкIэ. Апхуэдэхэм я фIыгъэуи къелъытэ гъащIэм мызэ-мытIэу къыпигъэтIылъа лъэпощхьэпохэм зэрапэлъэщыфар, и гур мыкIуэду, цIыхуфI зэрыщыIэмкIэ фIэщхъуныгъэ хэлъу къызэрекIуэкIар, гушхуэныгъэ гуэрхэр нобэ щIызыхищIэж Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэрызэфIихыфар.

ЖыIэгъуафIэ щхьэкIэ, а лэжьыгъэхэм ящыщ дэтхэнэми и щIыбагъ къыдэлъщ хэкупсэ нэсым, жылагъуэ лэжьакIуэ гумызагъэм и зэфIэкIышхуэ. Апхуэдэщ щIыналъэм и унафэщIхэм, жылагъуэм пщIэ щызиIэ цIыху акъылыфIэхэм жэрдэмыр екIуу ябгъэдэлъхьэныр, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я Iэмалхэр къэгъэсэбэпауэ епхьэжьа Iуэхур хэIущIыIу щIыныр, абы щытепсэлъыхь, щызэпкърах конференцхэр, пшыхьхэр, зэIущIэхэр зэхуэшэсыныр, ар къызыхуэтыншэу зэфIэкIын папщIэ зыхуей-зыхуэныкъуэ дэфтэрхэр зэхуэхьэсыныр, зэгъэуIуныр, нэгъуэщIхэри.

Зи гугъу тщIа Iуэхугъуэхэм хуэдэ куэдым мы зэманми йолэжь Iэщнокъуэ Олег. Апхуэдэу абы и къалэмыпэм къыпыкIащ тхылъ зыбжанэ, Боташев Хьэсэн, Нало Ахьмэдхъан сымэ я гъащIэмрэ я лэжьыгъэмрэ ятеухуауэ. Ди республикэм жыджэру щригъэкIуэкI жылагъуэ-политикэ лэжьыгъэшхуэхэм къапэкIуащ щытхъу, фIыщIэ куэд, КъБР-м и Парламентым, «Алан» Балъкъэр лъэпкъым я жылагъуэ зэгухьэныгъэм къабгъэдэкIа щIыхь тхылъхэри яхэту. АтIэми Iэщнокъуэм и дежкIэ нэхъыщхьэр цIыхубэм я арэзыныгъэрщ, гуапагъэрщ, жылагъуэм къыбгъэдэкI пщIэмрэ нэмысымрэщ. ИпэжыпэкIэ, ахэракъэ-тIэ мы гъащIэм щынэхъапэр?!

Бэм я гупсысэр зыузэщIым, зи псалъэм жылагъуэм пщIэ щиIэ цIыхум и дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ зэфIиха дэтхэнэ Iуэхуми цIыхухэм, и щхьэм къахуихь гупсэхугъуэм. Апхуэдэщ Iэщнокъуэ Олеги. Къыщалъхуа Хьэтуей къуажэр фIыщэу зылъагъу хэкупсэм, зи гур, зи псэр псапащIэ IуэхущIэ сыт щыгъуи лъыхъуэ (икIи къэзыгъуэт) адыгэлIым и мурадхэм иджыри къызэщIаубыдэ ди щIыналъэм, я жылэм я гъащIэм и унэтIыныгъэ куэд. Лъэпкъ зэхэгъэж зымыщIу Iуэхухэр зэфIэзыгъэкI цIыху емызэшым, жыджэрым и гъащIэри и гуащIэри теухуащ ахэр гъэзэщIэным, ахэр и къалэн нэхъыщхьэу къилъытэу.

Ди республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэр, хабзэр хъумэным, щIэблэр нэхъыжьыфIхэм я щапхъэм къыщIэгъэтэджэным зи къарури, зэманри, щIэныгъэри тыхь хуэзыщI жылагъуэ лэжьакIуэ гумызагъэм дохъуэхъу и илъэс 70-мкIэ. Узыншагъэ быдэ иIэу, и жэрдэмыщIэхэр, гупсысэщIэхэр къыдэзыIыгъын ныбжьэгъуфIхэр къыкъуэту, цIыхубэм къабгъэдэкI пщIэрэ нэмысрэ щымыщIэу куэдрэ псэуну ди гуапэщ. ГъащIэр езыгъэфIакIуэр, нэхъ екIу, купщIафIэ, дахэ зыщIыр апхуэдэхэращ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Ди нэхъыжьыфIхэр

ЦIыху гуащIафIэ Уэрыш Мушэриф

Хэкум и къыщхьэщыжакIуэхэм, жылагъуэм мамыр гъащIэ къыхузэгъэпэщыным зи зэфIэкIи зи гуащIи хэзылъхьахэм, а Iуэхум псэ хьэлэлкIэ бгъэдэтахэм фIыщIэ лей яхуэфащэщ. Апхуэдэхэм ящыщщ МВД-м и ветеран, 1949 гъэм Шэджэм къалэм къыщалъхуа Уэрыш Мушэриф Сэфрэил и къуэр.

СЭФРЭИЛ Хэку зауэшхуэм и гуащIэгъуэм хэтахэм ящыщщ. Ар унагъуэ хъуауэ, бынитI игъуэтауэ дэкIат, и къуэшхэмрэ и къуэшым и къуэмрэ и гъусэу. ЗауэлIыр хэтащ Севастополрэ Симферополрэ деж щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэхэм. Ар ящыщщ а къалэхэр хуит къэзыщIыжахэм. ФIыщIэрэ щIыхьрэ иIэу зауэ хьэлъэм хэта щIалэр и унагъуэм къахыхьэжа нэужь, бынипл игъуэтыжауэ щытащ, Мушэрифи яхэту. Апхуэдэ цIыху гуащIафIэм и бынри гъэса мыхъуу къэнэнт?! Мушэриф адэм и псалъэ пэжхэр и гъуазэу къэхъуащ. СэфрэIил и щхьэгъусэ КIули зы махуэ етIысэхыу щысакъым, губгъуэм щылэжьахэм яхэтащ. Унагъуэ Iуэхури, лэжьыгъэри, сабийхэри зыхуей хуэбгъэзэн жыхуэпIэр къызэрымыкIуэу хьэлъэт, ауэ зы махуэ къыщIэмыхуэу а къалэн мытыншым пэрытащ КIулэ.

Уэрыш зэщхьэгъусэхэу СэфрэIилрэ КIулэрэ жэщ-махуэ ямыIэу лэжьыгъэм пэрыт пэтми, сабий гъэсэнми гулъытэшхуэ хуащIырт. Хабзэм, нэмысым, Хэкур фIыуэ лъагъун зэрыхуейм, нэхъыжьым пщIэ зэрахуэщIыпхъэм, пэжагъым хуаущийрт я щIэблэр. Адэ-анэм къыхалъхьа хьэл-щэн дахэ зыбгъэдэлъ Мушэриф гъэсауэ, Iэдэбу, цIыхум фIыуэ хущыту къэтэджащ.

Мушэриф 1956 гъэм Шэджэм къалэ дэт 1-нэ курыт еджапIэм щIотIысхьэ. Еянэ классыр къиуха нэужь, школым къыщIокIри къуажэ колхозым хохьэ, колхозым къыщалэжьыр къэзыбж IэнатIэм пэрагъэувэ. КъинэмыщIауи, электро-зэпыщIэныгъэхэмкIэ IэщIагъэлIу тIэкIурэ мэлажьэ. Абы иужькIэ, колхозым и жэрдэмкIэ, ДОСААФ-м ягъакIуэри ирагъаджэ. Машинэ кърихуэкIыну зэрыхуитымкIэ тхылъыр къыIэрыхьэжа нэужь, коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ комбинатым ягъэуври, гублащхьэдэсу абы щолажьэ. 1966 гъэм, и армэ дэкIыгъуэр къыщысым, дзэм къулыкъу щищIэну макIуэ. ЗэгурыIуэныгъэ зрищIылIа армэм илъэсипщIкIэ хэтри, къыщалъхуа щIыналъэм 1977 гъэм къокIуэж прапорщик нэхъыжьу.

ИкIи, махуэл димыгъэкIыу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и МВД-м хохьэ. ЯпэщIыкIэ дзэм пыщIа хъумакIуэ гупым и IэтащхьэУ, итIанэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и автоинспекцэм и IэщIагъэлIу, абы иужькIэ лъыхъуакIуэ гупым и инспектору, ОВО-м хыхьэ взводым и унафэщIу къулыкъу ирихьэкIащ. Лажьэ щхьэкIэ къимыгъанэу, Прохладнэ къалэ дэт Мэкъумэш техникумым заочнэу щIотIысхьэжри, 1989 гъэм ар къеух.

А гъэ дыдэм, и лэжьыгъэм псэемыблэжу зэрыбгъэдэтымрэ и IуэхущIафэхэмрэ къалъытэри, къулыкъукIэ драгъэкIуеящ Уэрышыр. Дзэм щыхэта илъэсхэми, Хэкум къигъэзэжу милицэм щыхыхьэжами, щытхъу тхылъ куэд Мушэриф и адэ-анэм къыхурагъэхьащ. Дэнэ щылэжьами и цIэр фIыкIэ къраIуэу, зыхэтым хэзагъэу, чэнджэщкIэ цIыхум зыкъыхуагъазэу, и лэжьыгъэ мытыншыр ирихьэкIащ Уэрышым. Абы и гугъуехьымрэ и лэжьыгъэмрэ къыпэкIуащ «За войнскую доблесть», «За безупречную службу 3-х степеней», «Отличник советской милиции» жыхуиIэ медалхэр. Абы нэмыщIкIэ, ахъшэ саугъэтрэ фэеплъ Iэпщэ сыхьэтрэ къыхуагъэфэщауэ щытащ.

Мушэриф 1992 гъэм пенсэм кIуащ лейтенант нэхъыжьу.

Лэжьыгъэр зи псэм хэлъ Уэрышыр тIысыжами щысыфынутэкъым. Ар ДОСААФ-м Шэджэм щIыналъэм щиIэ и къудамэм деж ныбжьыщIэхэм я егъэджакIуэ-гъэсакIуэу ягъэуври, абыи илъэс бжыгъэфIкIэ щылэжьауэ къыIукIыжри, 2010 гъэм къыщыщIэдзауэ 2020 гъэ пщIондэ иджырей зэпыщIэныгъэхэмкIэ IуэхущIапIэу (ФГУП) а къалэм щыIэм и къудамэм шынагъуэншагъэмкIэ и IэнатIэм щылэжьащ.

Ноби Мушэриф пенсэ сыщысщ жиIэу тIысыжакъым, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, районым щрагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм жыджэру хэтщ. «Зауэм и бынхэр» жылагъуэ IуэхущIапIэм Шэджэм къалэм щиIэ и къудамэм ар и унафэщIщ, нэхъыжьхэм, зыгуэркIэ нэхъ мыхъуми, я гуапэ зэрищIыным яужь итщ, Iуэху щхьэпэ куэд щещIэ. Гукъинэжщ абы нэхъыжьхэм папщIэ районым щригъэкIуэкI зэхыхьэхэр. АтIэми, зи сабиигъуэр Хэку зауэшхуэм хиубыда нэхъыжьыфIхэм гуапэ дыдэ ящохъу, зы тIэкIукIэ нэхъ мыхъуми, гулъытэ яхуэпщIмэ.

Уэрышыр МВД-м и ветеранщ, а жылагъуэ зэгухьэныгъэм жыджэру хэтщ.

Пэжагъымрэ гуапагъэмрэ зи гъуазэ Уэрышым и ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ зэрырикъуамрэ и щхьэгъусэмрэ езымрэ зэрызэдэпсэурэ илъэс 50 зэрыхъуамрэ и бынхэмрэ и ныбжьэгъухэмрэ хуагъэлъэпIащ.

Зэщхьэгъусэхэм бынищ зэдапIащ, ахэр зыхуей хуагъэзащ, ирагъэджащ, дэтхэнэ зыри гъащIэм лъэ быдэкIэ хагъэуващ, абыхэм я бынхэм я быныж ялъэгъуащ.

ГъащIэм жыджэру хэт Мушэриф узыншагъэрэ гукъыдэжрэ иIэну, Уэрышхэ я жьантIэм куэдрэ дэсыну ди гуапэщ.

КЪАНКЪУЛ Раисэ.

Дзэлыкъуэр япэщ

2025 гъэм фокIадэм и 1-мирихьэлIэуКъэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш, фермер, унеи IуэхущIапIэхэм, унагъуэхэм псоми зэхэту жэм щхьэ бжыгъэу яIыгъщ мини 141,6-рэ икIи процент 1-кIэ ар нэхъыбэщ нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ.

РЕСПУБЛИКЭМ и щIыналъэхэм ятебгуашэу щытмэ, а пIалъэм къриубыдэу Дзэлыкъуэ районым жэм щхьэ бжыгъэу иIэщ - мин 30,2-рэ. ЕтIуанэр Шэрэдж щIыналъэрщ - мин 23,4-рэ, ещанэр Бахъсэн районырщ - мин 22,9-рэ. КъБР-м жэму щаIыгъым и процент 54-р а щым къалъос.

Къапщытэж пIалъэм къриубыдэу жэм щхьэ бжыгъэм и куэдагъым зэрыхагъэхъуам и псынщIагъымкIэ, 2024 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м щыIа бжыгъэхэм еплъытмэ, Бахъсэн районым япэ увыпIэр иIыгъщ, хэхъуэу проценти 10 къигъэлъэгъуауэ. Бахъсэн къалэр етIуанэщ - проценти 7-кIэ хигъэхъуауэ, ещанэр Шэрэдж щIыналъэрщ - процент 1,2-кIэ.

Мыдрейуэ, Росстатым къызэритамкIэ, дызэрыт илъэсым и мазиблым мэкъумэш, фермер, унеи IуэхущIапIэхэм зэгъусэу къалъэщащ лырэ джэдкъазылу, псэууэ шэчауэ, тонн мин 29,1-рэ икIи нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм яхузэфIэкIам нэхърэ процент 20,8-кIэ ар нэхъыбэщ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Терроризмэмрэ щIэпхъаджагъэхэмрэ, Терроризмэмрэ щIэн япэщIэтынымкIэ зэкъуэтыным и махуэм и щIыхькIэ Налшык къалэм и «Каисса» шахмат клубым щекIуэкIащ шахматымрэ шашкэхэмкIэ зэхьэзэхуэ зэIуха. Абы щызэпеуащ сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ - цIыху 70-м щIигъу икIи я ныбжь елъытауэ, гупищу гуэшауэ щытащ ахэр.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР къызэрагъэпэщащ КъБР-м Шахматымрэ шашкэмкIэ и федерацэмрэ «Ладья» спорт еджапIэмрэ, республикэм СпортымкIэ и министерствэр къадэIэпыкъуу.

«Зэхьэзэхуэр гъэщIэгъуэну екIуэкIащ. Куэдрэ къэхъуркъым я ныбжьым елъытауэ спортсменхэр гуп-гупкIэ щызэхэдгъэкI. ЦIыкIухэм ар яфIэхьэлэмэт хъуащ икIи ар нэхъ къащтащ. Сыту жыпIэмэ, зэныбжьхэр щызэдэджэгум деж, нэхъ гъэщIэгъуэнщ. Иджы республикэм мыгувэу щекIуэкIыну зэхьэзэхуэм, хэт щынэхъ лъэщынуми абыхэм ящIэ», - жиIащ турнирым и судья нэхъыщхьэ Щыхьмырзэ ФатIимэ.

ЩIэблэр спортым и телъхьэщ

ШахматымкIэ зэхьэзэхуэм япэ увыпIэр къыщахьащ Ахъмэт Iэминэ, Хьэмжу Аслъэнбэч, Лингур Темырлан, Рехвиашвили Эвелинэ, Теркъул Уэсмэн, Джатэгъэжь Викторие сымэ.

Темрокъуэхэ Амиррэ Иналрэ, Лухэ Къантемыррэ Темырланрэ, Къэрмокъуэ Ясинэ сымэ етIуанэ хъуащ. Ещанэ увыпIэр къахьащ Пщыбий Марат, Къардэн Чэрим, Гелястанов Дамир, Рехвиашвили Эллэ, Джатэгъэжь Даринэ сымэ.

ШашкэхэмкIэ зэпеуэм япэ увыпIэр къыщахьащ Гуанэ Юнус, Мамбэт Софие, Габаев Амир, Вэрокъуэ Iиляс сымэ. ЕтIуанэ хъуащ Гуанэхэ Дамиррэ Атиярэ, Аджаматовэ Аидэ, Зыхьуэ Марат сымэ. Амщокъуэ Ибрэхьим, Ахматовэ Амилэ, Щоджэнхэ Аделинэрэ Айданэрэ ещанэ увыпIэр къахьащ.

Зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкIахэм медалхэмрэ щIыхь тхылъхэмрэ иратащ КъБР-м СпортымкIэ и министерствэм къыбгъэдэкIыу.

КЪУЭЖЕЙ Алим.

БзаджащIэхэм фыкъамыгъэпцIэн папщIэ

● IуэхущIэ

«Цифровой ликбез» къыхуеджэныгъэм щIэту, УФ-м БжыгъэмкIэ и министерствэм ирегъэкIуэкI IуэхущIэ. Ар къызэрагъэпэщащ УФ-м БжыгъэмкIэ, ЩIэныгъэмкIэ и министерствэхэм, «Цифровая экономика» зэгухьэныгъэм, хъыбарегъащIэ IэмалхэмкIэ Урысейм щыIэ IуэхущIапэ пэрытхэм. ИкIи а Iуэхум ипкъ иткIэ фокIадэм и 15-м щыщIэдзауэ жэпуэгъуэм и 12 пщIондэ екIуэкIынущ бжыгъэхэм пыщIа гъэпцIагъэхэр къызэрахутэ Iэмалхэм теухуа дерсхэр.

ИДЖЫПСТУ щыщIэдзауэ «Цифровойликбез. рф»-м интернетым ущылъыхъуэмэ, щыбгъуэтынущ мы Iуэхум теухуауэ егъэджакIуэхэм папщIэ ягъэхьэзыра видеодерсхэр. УФ-м БжыгъэмкIэ и министерствэр щIолъэIу фокIадэм и 10-м щегъэжьауэ щIыналъэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм мы хъыбарыр ягъэIуну, видеодерсхэм цIыху нэхъыбэ къешэлIэным гулъытэ хуащIыну. ЦIыхухэр бжыгъэ Iэмалхэм тешэн, ахэр шынагъуэншэу къагъэсэбэпын папщIэ ягъэхьэзыра видеодерсхэр щIыналъэхэм щагъалъэгъуэу, Iуэхум теухуа зэIущIэхэр къызэрагъэпэщу, ахэр хъыбарегъащIэ IэмалхэмкIэ цIыхубэм я пащхьэ зэрыралъхьэжамкIэ тхыгъэ ягъэхьэзыру urok@data-economy.ru напэкIуэцIым ирагъэхьыжын хуейщ щэкIуэгъуэм и 12-м фIэмыкIыу.

УпщIэ щыIэмэ, + 7 (953) 617-58-00 телефоным фыпсалъэу Менькова Анастасие Сергеевнэ фыщIэупщIэ хъунущ, е urok@data-economy.ru напэкIуэцIым фытхэ.

Зи гугъу тщIы видеодерсхэм зи ныбжьыр илъэси 6 ирикъуа сабийхэм къыщегъэжьауэ еплъ хъунущ. Псом хуэмыдэу щхьэпэщ адэ-анэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ дежкIэ. Ахэр теухуащ бжыгъэ Iэмалхэр къагъэсэбэпурэ бзаджащIэхэм цIыхухэр къызэрагъапцIэм. Зи нэм сэкъат иIэхэм папщIэ, зи гугъу тщIы видеодерсхэр псалъэ щIэтуи щыIэщ, экраным къигъэлъагъуэм тепсэлъыхьу.

ФЫРЭ Анфисэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Бзылъхугъэхэри ираджэ

«ХъыбарыщIэхэр» Урысей хъыбарегъащIэ агентствэм къызэритымкIэ, Украинэм зегъэхьэзыр цIыхубзхэр дзэм ириджэну. Абы щхьэкIэ ВСУ-м къулыкъущIэхэр щаубзыху, цIыхубзхэмрэ цIыхухъухэмрэ зэхуэдэ къалэнхэмрэ хуитыныгъэхэмрэ къахуэзэгъэпэщыным тещIыхьауэ.

- УКРАИНЭМ IэщэкIэ зэщIэузэда и къарухэм хэтхэм я бжыгъэр кIуэ пэтми нэхъ мащIэ мэхъу. Абы къыхэкIыу мы зэманым щIэгъэхуэбжьауэ иужь итщ цIыхубзхэр дзэ Iуэхум къыхашэным. Гуп унафэщIхэм чэнджэщэгъу яIэнущ, цIыхубзхэмрэ цIыхухъухэмрэ зэрызэхуагъэдэнур я пщэ дэлъу, - жеIэ агентствэм и лэжьакIуэм.

Псалъэм папщIэ, апхуэдэ IэнатIэ иIэу, ВСУ-м и 22-нэ гуп щхьэхуэм хагъэхьащ Шевченкэ Тарас и цIэр зезыхьэ Киев лъэпкъ университетым и дзэ институтыр къэзыуха Мяшкур Дарье. ВСУ-м илъэситху хъуауэ хэт бзылъхугъэм майор цIэр къратыну хунэсащ.

«Z»-м и щIэблэхэр

Непал и къалащхьэм и Суд Нэхъыщхьэм и унэр хьэлэч хъуащ, Правительствэм пэщIэувахэм абы мафIэ ирадза нэужь. ЗэратхымкIэ, IуэхущIапIэм и зы лъэныкъуэм къыхэнар къутахуэщ, мафIэр лъэIэсащ мыхьэнэшхуэ зиIэ дэфтэрхэм. Khabarhub порталым зэритымкIэ, судым къызэтригъэувыIащ зыхэплъэ Iуэху псори.

ЗЭРЫЗЕХЬЭМ хисхьащ Катманду дэт Hilton хьэщIэщри. Тхьэмахуэ кIуам Непал и унафэщIхэм къызэтрагъэувыIауэ щытащ связымрэ хъыбарегъащIэ технологиехэмкIэ министерствэм игъуэм зыщезымыгъэтха социальнэ сеть ин зыбжанэм я лэжьыгъэр. Ар ямыдэу зыкъаIэтащ щIалэгъуалэм, «Z»-м и щIэблэкIэ иджыпсту зэджэхэм.

Полицэмрэ абыхэмрэ я зэныкъуэкъум цIыху 22-рэ хэкIуэдащ, щэ бжыгъэм фэбжь ягъуэтащ. ИужькIэ Правительствэм социальнэ сетхэр хуит ищIыжащ, арщхьэкIэ къызэщIэплъахэр увыIэжакъым, къэралым и премьер-министр Оли Шарму и къулыкъум текIыну къыпагъэуващ. Гъубжым абы и унэм, «Непал конгресс» партым и IуэхущIапIэм, Парламентым мафIэ щIадзащ. Премьерыр и къулыкъум текIащ. Непал IэщэкIэ зэщIэузэда и къарухэм щIалэгъуалэр ягъэсабырыжащ, Катманду и уэрамхэм хабзэр щызэтраублэжащ.

ФокIадэм и 11, *махуэку*

♦**1929 гъэм** къалъхуащ балетмейстер, КъБР-м и цIыхубэ артист, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Дашу Хьэшыр**.

♦**1954 гъэм** къалъхуащ КъБКъУ-м и ректор, техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, РАЕН-м и академик **Алътуд Юрэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 14, жэщым градус 13 щыхъунущ.

ФокIадэм и 12, *мэрем*

♦**Япэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэм зыщIэгъэкъуэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Программистым и ма- хуэщ**

♦**1930 гъэм** къалъхуащ КъШР-м и цIыхубэ тхакIуэ **Брат Хьэбас**.

♦**1950 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ артист **Шэджыхьэщ Iэ Аслъэнбий**.

♦**1960 гъэм** къалъхуащ адыгэ усакIуэ, «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэ **Мамыщ Владимир**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр щытехьэ-текIщ. Хуабэр махуэм градус 15 - 17, жэщым градус 14 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
БАГЪЭТЫР Луизэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Бжьэхуцым мафIэ пхухэгъэпщкIуэнкъым.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

Унэ лэжьыгъэ. Хэт абы хуейр?



Дэ псори зэгуэр школакIуэу дыщытащ икIи фIыуэ дощIэж унэ лэжьыгъэхэр къыдамытамэ, хуабжьу дыгуфIэу зэрыщытар. Ар умыщIыжмэ, «тIу» пхуагъэувынри, хэбгъэзыхьмэ, урокым укъыщIахунри Iуэхум хэтт.

ГЪЭ еджэгъуэ къэс щIэ гуэрхэр кыхалъхьэ. Иджырейри абыхэм къащхьэщыкIыркъым, я бжыгъэм зэрыхэхъуар къыумылъытэмэ.

ЗэхъуэкIыныгъэхэр ялъэIэсащ, къапщтэмэ, урокхэм я зэхэгъэувэкIэм. Иджы фIэкIыпIэ имыIэу математикэр япэ урокым, тхыдэр, биологиер еплIанэм умыгъэIэпхъуэми хъунущ. Е жыIэдэIуагъэмкIэ оценкэ хуагъэувыныр къызэрырагъэжьэжыр. Пэжщ, зэкIэ щIыналъэ зыбжанэм щагъэунэхуну аращ, арщхьэкIэ шэч кътумыхьэми хъунущ, зэман дэкIмэ, а «хабзэжьым» зэрытехьэжынум. ЩIэхэр зыкъом мэхъу, дэ а псоми я гугъу щытхуэщIынкъым зы тхыгъэ кIэщIым, дызытепсэлъыхьынур ди псалъэмакъыр къыщыщIэддзарщ - унэ лэжьыгъэхэр щымыгъэIэжынырщ.

Ар къызыхэкIри гурыIуэгъуэщ - мы Iуэхур къезыгъэжьар Урысейм и Къэрал Думэрщ. КъызэрыщIэкIымкIэ, депутатхэри тогузэвыхь ныбжьыщIэхэм еджэныр къазэрытехьэлъэм. УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым и ищхъэрэ палатэм и тхьэмадэ Володин Вячеслав апхуэдэ дыдэуи иритхащ и телеграм-каналым: «Депутатхэм я нэхъыбэм къалъытэ школакIуэхэр еджэным махуэ къэс сыхьэти 8-10-кIэ пэрысу». Абы къыхигъэщхьэхукIащ унэ лэжьыгъэхэр щIыныр зыщагъэпсынщIэн папщIэ сабийхэм IэмалыщIэхэр къазэрыхукъуэкIар - къэухь IэрыщIым и технологиехэр, интернетым ит жэуап хьэзырхэр, нэгъуэщI куэди. Абы къыхэкIыу унэ лэжьыгъэхэм пщIэншэу зэман трагъэкIуадэ къудейщ.

АтIэ сыт? Мы Iуэхум зэдауэ къыхэкIащ. ЦIыхухэм я нэхъыбэр зыхуейр унэ лэжьыгъэхэр щымыгъэIэжынырkъым, атIэ абыхэм зэрабгъэдыхьэ щIыкIэр зэрахъуэкIынырщ. Арати, хабзэубзыхухэм мы Iуэхур зэкIэ ягъэтIылъын хуей хъуащ, ауэ къагъэгугъащ ар сыт и лъэныкъуэкIи зэпкърахыну.

ГъэщIэгъуэнщ, арщхьэкIэ унэ лэжьыгъэхэр щымыгъэIэжыныр ямыдэу псом япэ къэувар ар зи лэжьыгъэ тIуащIэу (ахъшэ гуэр пылъми) щыт езы егъэджакIуэхэрщ. ИкIи мыбдежым япэ щрагъэщын хуейри абыхэм я Iуэху еплъыкIэрщ .

Япэрауэ, сыт а езы унэ лэжьыгъэхэр зищIысыр? Ар урокым къыщыбжаIар щIэзыгъэбыдэщ: школым уэ псори щыбощIэ уи егъэджакIуэм жиIэм утету, ауэ мыбдеж уи закъуэ уи къару ущоплъыж. КъыбгурымыIуахэр зэбгъэщIэжын хуей мэхъу. Абы къыдэкIуэу, сабийхэр зэхуэдэкъым: хэт нэхъ гурыхуэщ, хэти гунэфщ, къыжраIар зэуэ игу хуиубыдэркъым. Къыпытщэнщи, еджакIуэхэр нэхъ зыхэзагъэкIи зэтехуэркъым: зыгуэрхэр математикэм е физикэм дахьэх, адрейхэр тхыдэмрэ литературэмрэ ятхьэкъуащ. ГурыIуэгъуэщ яджын папщIэ гугъу зыдехьри зэрызэщхьэщыкIыр. АрщхьэкIэ егъэджакIуэм и пащхьэм и деж худэчых щыIэкъым: программэр пщIэн хуейщ. Мыбдеж щыщIэгъэкъуэныфIщ унэ лэжьыгъэхэр.

Адэ-анэ куэд мэтхьэусыхэ я бынхэм кърата унэ лэжьыгъэхэр езыхэм ягъэзэщIэн хуей зэрыхъум къыхэкIыу. Абы лъабжьэ иIэщ - языныкъуэ кърахэр апхуэдизу гугъуэщи, сабийхэм я акъылыр нэсыркъым. Ауэ ар апхуэдэу щытын зэрыхуэмейм илъэс къэс и гугъу ящI фIэкIа, Iуэхум зэхъуэкIыныгъэ халъхьэркъым. Мыдрейуэ. Зы ягъэ кIынукъым и адэ-анэр (и шыпхъур, къуэш нэхъыжьыр, и ныбжьэгъур) къыдэIэпыкъуми. Ауэ абы и пIэкIэ уи сабийм махуэ къэс унэ лэжьыгъэхэр хуэпщIыжыныр хуабжьу къемызэгъщ икIи и акъылыр зыIуантIэщ: абы къыщыхъунущ зыри имыщIэми гъащIэм и Iуэху щыдэкIыну.

Пэжщ, уэрам джэгум къыхэкIыу унэ лэжьыгъэм етIысылIэныр дэтхэнэ сабийм и дежкIи тыншкъым. Псом хуэмыдэу ар къытехьэлъэу щытмэ. Ауэ ныбжьыщIэр гугъум зыпыIуидзу, абы щышынэу къэтэдж хъунукъым. Абы къыгурыIуэн хуейщ псым хэмыхьэу бдзэжьей къызэримыубыдыфынур, дэтхэнэ ехъулIэныгъэми уелIэлIэн зэрыхуейр.

Мис апхуэдэ гупсысэхэрщ е абыхэм ещхьщ илъэс куэд хъуауэ мыхьэнэ ин зиIэ IэнатIэм пэрыт егъэджакIуэхэм къаIуатэр. Ауэ, дауи, къахокI мы Iуэхум нэгъуэщIу еплъхэри. Псом хуэмыдэу адэ-анэхэм. Мис, псалъэм папщIэ, апхуэдэ зым итхыр: «Япэ классым къыщыщIэдзауэ сабийхэм унэ лэжьыгъэ гугъухэр кърат. Дэ ахэр яхуэтщIыжын, урокым къащыгурымыIуахэр ягурыдгъэIуэжын хуей мэхъу. Совет зэманым класс нэхъыжьхэм щеджэхэр нэхъыщIэхэм ядэIэпыкъуу, егъэджакIуэхэр еджэным пэмылъэщхэм урок нэужьхэм ядэлажьэу щытащ. Иджы ахъшэ иумытауэ зыми зыри къыпхуищIэнукъым. Репетиторхэр къэтщтэн хуей мэхъу. АтIэ сыт, апхуэдэу кIуэмэ, егъэджакIуэхэр зэрытщIыжынур? Унэ лэжьыгъэхэр къапщытэн къудей щхьэкIэу ара?»

Я псалъэ халъхьэ еджагъэшхуэхэми. Психологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Слободников Илья жеIэ: «Япэ илъэситIым школакIуэхэм унэ лэжьыгъэхэр етын хуейкъым. ЕпщIанэ - епщыкIузанэ классхэм щеджэхэри абыхэм яхуэныкъуэкъым: къапэщыт экзаменхэм зыхуагъэхьэзыр. Ауэ ещанэ-ебгъуанэ классхэм унэ лэжьыгъэхэр фIэкIыпIэ имыIэу яIэн хуейщ. НыбжьыщIэм псори хузэмыгъэщIэфмми, зрагъаджэм зыгуэр хищIыкIын хуейщ. Адэ-анэхэри ядэIэпыкъуми зыхуэIуа щыIэкъым, арщхьэкIэ лэжьыгъэ псори абы щхьэщыпхыныр мыхъумыщIагъэщ икIи ар быным къыщIыхьэжынущ».

Мы Iуэхур нэгъуэщI къэралхэм зэрыщагъэувар зэтехуэркъым. Европей къэралхэм школакIуэхэм унэ лэжьыгъэ щратыркъым яджар къытрагъэзэжын папщIэ - ар абы езы школ кIуэцIым щызэфIагъэкI. Абы и пIэкIэ ахэр ирагъэлэжь пэхуэщIэ, къэхутэныгъэ, нэгъуэщI дэзыхьэх гуэрхэм. Америкэм и Штат Зэгуэтхэми щыаращ. Унэ лэжьыгъэхэр я куэдщ Корее Ипщэм и сабийхэм. Ауэ ахэр абыхэм псынщIэу полъэщ зы сыхьэт-сыхьэтитIкIэ. Китайм и еджакIуэхэм сыхьэти 3-3,5-рэ трагъэкIуадэ. Ди деж хуэдэуи зэшыгъуэу икIи къыптехьэлъэу зы щIыпIи щагъэзащIэркъым.

ПсэупIэхэр

Къызэтещэхэным нэмыс щIыкIэ...

«Кхъахэ» псалъэр сыт хуэдэ мыхьэнэми елъытауэ щIагъуэкъым. Ауэ ар ди гъащIэм хэтщ, зэманым зыри зэрыпэмылъэщыр къигъэлъагъуэу. Ар псом хуэмыдэу щыбелджылыщ псэупIэхэм я деж. Абыхэм уи Iэхэр якIэрыбгъэкI хъунукъым, зэпымыууэ якIэлъыплъын, зехьэн, егъэфIэкIуэн хуейщ. Арыншамэ, екIэкIуэнущ. ЖыпIэфынукъым ди къэралым а хабзэр щагъэзащIэу. Иджы мис: цIыхухэр псэупIэ кхъахэм къыщIагъэкIыным и Iуэхур ткIийуэ къэуващ. Псом япэу ахэр къыщIэгъэIэпхъукIын хуейщ «хрущевкэхэм» - КПСС-м и ЦК-м и Япэ секретару щыта Хрущев Никитэ и жэрдэмкIэ ди къэралым куэду щаухуащ къатиплIу, къатитхуу, къатибгъууи зэтет унэхэр.

МУРАДЫР зыхуэгъэзар унагъуищ-плIыуэ зэхэсхэр зэхэгъэкIынырт, цIыхухэр псэупIэ щхьэхуэхэмкIэ къызэгъэпэщынырт. Ар зыкъомкIэ къайхъулIащ. Къалэхэм бжыгъэншэу къыдэуващ псынщIэ дыдэу зэтрауфа псэупIэхэр. ФIагъым емылIалIэми хъунут: ахэр зэрыщыIэнур пIалъэ кIэщIкIэт - наIуэу зэрыщытщи, СССР-м и Iэтащхьэм къигъэгугъат 1980 гъэм ирихьэлIэу совет цIыхухэр коммунизмэм щыпсэуну. ИтIанэ ахэр Iэпхъуэнут тыншыгъуэ псори яIэу хуаухуа уардэунэхэм. Арати, «хрущевкэр» зэрыщытыну пIалъэу иратар илъэс 25-рэ къудейт. АдэкIэ къэхъуам дэ дыщыгъуазэщ. «ПIалъэр» япэщIыкIэ илъэс 50-м, иужькIэ 75-м нэскIэ ягъэIэпхъуащ, ауэрэ иджы къэсащ. АрщхьэкIэ кIэ гуэр зимыIэ щыIэкъым. Аращ зи гугъу тщIыр правительствэм япэ игъэщын хуей къэрал Iуэхухэм щIахигъэхьар.

Ухуэныгъэр зи пщэрылъ вице-премьер Хуснуллин Марат иджыблагъэ жиIащ псэупIэхэр къэгъэщIэрэщIэжынымкIэ программэр зэтрамыухуэмэ, куэду яуцIырхъа унэхэр мыгувэу къызэтещахэу щIидзэнкIэ зэрыхъунур. Иджыпсту жьы хъуа унэхэр къызэтощахэ, ауэ зэкIэ абыхэм «хрущевкэхэр» яхэткъым. А къулыкъущIэ дыдэм и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, къэрал куэдым мыпхуэдэ хабзэ къыщокIуэкI: яухуа унэр илъэс 50-кIэ щытщ къамыгъэщIэрэщIэжу, иужькIэ ар ирахри, и пIэм щIэ иращIыхь. Ауэ щыIэщ Сингапурым хуэдэ къэралхэри: абы илъэс 15 къэс унэхэр къанэ щымыIэу къыщагъэщIэрэщIэж. Пэжщ, Европэм щымащIэкъым илъэсищэ, щитI, уеблэмэ нэхъыбэж зи ныбжь унэхэр икIи абыхэм къызэтещэхэну загъэхьэзырыркъым. Ауэ ахэр егугъуу зэрахьэ.

IэщIагъэлI зыбжанэм къалъытэ, зэрахьэмэ, «хрущевкэхэр» илъэси 150-кIэ щытыну. Апхуэдиз пIалъэм тещIыхьат Хэку зауэшхуэм и ужькIэ яухуа унэхэри. Ахэри щытынущ, и чэзум цIыхуIэ ялъэIэсмэ. АрщхьэкIэ пIалъэ кIэщIкIэ куэду яухуа унэ цIыкIухэр къалэхэм къезэгъыжыркъым-абыхэм щIыпIэшхуэ яубыд. ЕтIуанэрауэ, кхъахэ хъуа унэхэр къыппэплъэнукъым, ахэр къызэтемыщахэ щIыкIэ цIыхухэр къыщIэгъэкIын хуейщ. Ауэ дэнэ здэбгъэIэпхъуэнур? Унэхэр яхурикъуркъым. Аргуэру Хуснуллиныр тегъэщIапIэ тщIынщи, Урысейр адрейхэм къакIэроху цIыхухэр псэупIэкIэ къызэрыщызэгъэпэщамкIэ: ди деж зы цIыхум ику иту щыхуэзэр псэупIэ метр зэбгъузэнатIэ 30-щ. Ауэ а бжыгъэр Германием 47-рэ, Китайм 43-рэ щохъу. ГъэщIэгъуэнщ, ауэ дэ абыкIэ нэхъ тпэгъунэгъур Инджылызырщ - метр зэбгъузэнатIэ 37-рэ. Пэжщ, япэ дитщ цIыхухэр Iуву щызэхэс Японием (24,7-рэ), метр 11 иримыкъу фIэкIа щалъымис Индием.

Кхъахэ хъуа псэупIэхэм я гугъу пщIымэ, 2030 гъэм абыхэм я бжыгъэр метр зэбгъузэнатIэ мелуан 30-м нэсынкIэ хъунущ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, псэупIэ фондым и проценти 5-р къанэ щымыIэу къэгъэщIэрэщIэжын хуей хъунущ. Ирахыну къапэщыт унэ къауэхэм илъэс къэс метр зэбгъузэнатIэ мелуанитI къахохъуэ.

АрщхьэкIэ зи гугъу тщIы Iуэхум гъэщIэгъуэн хэлъщ. Унэхэр кхъахэ хъуарэ мыхъуарэ къызэралъытэ пщалъэхэр щыIэщ. Ахэр я лъабжьэу кIэух унафэ къэзыщтэр щIыналъэ комиссэрщ. Ари хъарзынэщ, ауэ цIыхухэр кхъахэ хъуа унэхэм къыщIэгъэIэпхъукIынымкIэ программэр къызытехьэлъэр щIыналъэ бюджетырщ. Ахъшэ къыдагъэхуэн мурадкIэ е зэрамыIэр я щхьэусыгъуэу а комиссэхэм кхъахэ хъуа унэхэм я бжыгъэм кIэрамыуду пIэрэ? А упщIэр къыкъуокI узыщIэс мыхъуж пэшхэм щыпсэу цIыхухэр зэрытхьэусыхэр телевизоркIэ щыплъагъукIэ. Псоми зэрытщIэщи, езы щIыналъэхэри я зэфIэкIкIэ жыжьэуи зэхуэдэкъым. Мы зэманым Урысейм и щIыналъэ 17-м сом мелард 22-рэ яхурикъуркъым, унэ кхъахэхэм къыщIагъэкIыу ягъэIэпхъуэн папщIэ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, зи гугъу тщIа программэр ягъэзэщIэн папщIэ ахъшэ къомэщIэкI. Нэхъапэм абы трагъэкIуадэм и процент 89-р ищхьэкIэ къикIырт, щIыналъэ бюджетым къыхуэзэр процент 11 къудейт. Апхуэдэурэ екIуэкIащ 2019 гъэр къэсыху. Ауэ иджы къэрал бюджетыр мы Iуэхум къызэрыхэIэбэр процент 60-м щIрагъэгъу хъунукъым. Аращ щIыналъэ куэдыр программэм щIыпэмылъэщым и щхьэусыгъуэхэм ящыщ зыр къызыхэкIыр. Ипэрей хабзэр зэфIагъэувэжын хуейщ.

АрщхьэкIэ, зэрыщыту къапщтэмэ, Iуэхухэр апхуэдэу Iейкъым. Кхъахэ хъуа унэхэм я бжыгъэм илъэс къэс къахэхъуэ метр зэбгъузэнатIэ мелуанитIыр тыншу къагъуэтыфынущ, илъэс къэс ди къэралым псэупIэу метр зэбгъузэнатIэ мелуани 100 хуэдиз зэрыщаухуэр къэплъытэмэ. Къэнэжыр ахэр хуэныкъуэхэм зэрылъагъэсыну Iэмалхэр гъэбелджылынырщ.

БзэщIэныгъэ

Анэдэлъхубзэм и IэфIагъыр зыхэзыщIэт

УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэта, КъШР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Шэрджэс Алий «Яхуэмыфащэу лъэныкъуэ едгъэза псалъэхэр» и тхылъым итхэм ящыщ гуэрхэм я гугъу тщIынщ.

Дэлэн - ерыскъыгъуэ гуэр дэлъу ягъэжьа щIакхъуэ лIэужьыгъуэ.

Дэлъырхъуэж - арджэн щызэIуащэкIэ тхыпхъэ къыхэгъэкIыкIэ.

Дэмэхъэн - зышыIэн, макъкIэ мыхъуу, кIуэцIкIэ гуауэм хуэмыгъуэн.

Дэнагъэ - вагъэм и кум, зэрымыщIагъэкIэ мывауэ, кърана щIы кусэ.

Дэнлъэч - бзылъхугъэ пыIэхэм, IуданэкIэ зэIуаща сурэтхэм, хъурейуэ е хуэкIыхьу, дыщэпскIэ зэрыхадыкI.

Дэун (доу) - зыщIыпIэ пуд щыхъун, напэр щытекIын.

Дэшэсеин - шыр лъэхъу-лъэущу щыжэхэм деж, и лъэбакъуэм зыдэпщIу, и кIуэкIэм тебгъахуэу, уанэгум зиIэтыкIын.

ДэщI - зауэлIым зэуIуу зыкIэрилъхьэу щыта Iэщэ псоми зэреджэщ.

ДэIуэщеин - ипщэкIэ е дэгъэзеигъуэ гуэрым псынщIэу дэкIуеин.

Детч - шабзэшалъэм апхуэдэуи еджэрт.

Дзу - къэп.

Дибэ - иджырей къэдабэм (велюрым) ещхь щэкI.

Докъудас - 1) кхъуакIэ - бахрома, 2) нэуэжь щхьэц (удз лIэужьыгъуэ).

Домбаз - щагъэкIэ (шэху уэздыгъэкIэ) мафIэ зыщIадзу, ягъауэу щыта пасэрей фочыжь.

Дотмэ - и кIыр къызыхащIыкIар езыр арауэ, зэхаухуанэу щыта щIопщ лIэужьыгъуэ.

Дохъутей - фочыр уэшх-уэсым ирыщахъумэу адыгэхэм зэрахьэу щыта фочылъэ, упщIэм къыхэщIыкIауэ.

Дунейм трая - сытым дежи щыIэ, мыкIуэдыж.

Дыгулыпхъ - сабийхэр зыгъэгуфIэ, Iэнэ гъэдахэ шхыныгъуэщ, тортым ещхьу тхыпхъэ гуэрхэр тещIыхьауэ.

Дыгъэс - цIыхум и фэм дыгъэм къытрищIэ кхъуафцIагъэ (урысхэм «загар» жыхуаIэрщ).

Дыгъэхьэв - дыгъэвэх.

Дыгъуасэрей щIалэ - «сэр нэхърэ нэхъыщIэщ» жыхуиIэщ.

Дыгъужь фэрэкI - цIыхум хужь псыпс цIыкIуу къытокIэри, фэрэкIыпIэ къегъанэ (волчья оспа).

Дыгъумэ - мэ дахэ къызыкIэрих удз, шейм халъхьэ (мята).

Дыгъурыгъу - жьындухэм я нэхъ ин дыдэращ (филин).

Дыжь - ныбжь зиIэ тIыхэм, гъэлъэхъухэм, абыхэм къытраха фэ нэхъ быдэ икIи нэхъ хьэлъэм апхуэдэу еджэрт. Ар ягъэтэджырти, дыжь джэдыгу, дыжь гъуэншэдж къыхахырт.

Дымий - зыIурамылъхьэж, цIыхумыщI, укIытэрей.

ДынкIэхэу - нысащIэм япэу мастэ къызэрищтам хуащI ешхэ-ефэ цIыкIу.

Дыуэсафэ (Мэздэгу) - унагъуэ зыухуэ щIалэмрэ пщащэмрэ я адэ-анэхэр зэрызэгурыIуэрщ (лъыхъу).

Дыхьэрэн - лъахъстэн плъыжьыбзэ, пщы-уэркъхэм вакъи лъеи къызыхащIыкIыу щытарщ. Ар къыздрашыр Къэжэрым (Персым) и къалащхьэ Тегеран жыхуаIэр арати, «дыхьэрэн» псалъэр къызытехъукIыжари аращ.

Дыщэ мыбз - дыщэр зи Iэрымылъхьэ, зи насып хэмылъ цIыху хуэмыщIа.

Дыщэ тепщэ баш - пщыхэм, пащтыхьхэм зэрахьэу щыта, тепщэныгъэ зэраIэм щыхьэт техъуэ баш гъэщIэрэщIа.

Дыщырыс - блэкIа лъэхъэнэм, нэчыхьыр ятха нэужь, нысэр иджыри и дыщым илъэс нэблагъэкIэ исыжт, зышэ унагъуэм уасэр игъэхьэзырыху.

Джабэтхъ - лы щIагъуэ зыкIэрымылъ Iэщ уэд.

Джабэхъыну - зи джабэм удын игъуэту, и кIуэцIымкIэ шырыб зиIэ хъуа Iэщ.

ДжабэщIэлъ - 1) ухуэныгъэм къыщагъэсэбэп псалъэщ. ТхыцIакIуэмрэ шыкъуэтэнымрэ яку далъхьэ пхъэ зэгуэха кIыхьэрщ, унащхьэм тралъхьэр иIыгъыну (кхъуэщын, къэнжал, шифер, профнастил хуэдэхэр). 2) Iэщ Iэпкълъэпкъым щыщу, гъуэбзиикIэмрэ джабэмрэ щызэпыхьэм деж дэлъ лы.

Джатэдэпщ - джатэрэ залымыгъэкIэрэ пщыгъэр, тетыгъуэр зыубыда икIи зыIыгъ (деспот).

Джатэпэрыжэ - зауэм деж ипэ иту бийм яхэлъадэ.

Джауэ - жьы иримыгъашэу, Iэщым къеуз узыфэ.

Джэгуалъэ - ауан ящI зэпыт, теIущIыкIыпIэ.

Джэгутет гуащэ - нэхъ пщIэ зиIэ, зи дахагъэкIи къахэщ пщащэу джэгум щыхахам апхуэдэу йоджэ.

Джэд лъа - а зэрыщыту, тхьэв къешэкIауэ, зэпкърымыхауэ ягъэхьэзыр джэд.

Джэдлъыхъу - щIалэгъуалэм зэхэс щащIкIэ жылэм хыхьэрти, джэд къыхахырт, унагъуэхэм Iухьэурэ.

ДжэдыкIауэ - 1) адыгэхэр нэщэнэ еуэнкIэ щызэпеуэкIэ, джэдыкIэр лъэбакъуэ щищ и жыжьагъыу къытрагъэтIысхьэрти, ар къраудыхырт. 2) нысэр и дыщ куэбжэм къыдашмэ, нысашэм хэт шухэм гъуэгум джэдыкIэ бжыгъэ хутралъхьэрт, шыр теутIыпщхьауэ къыщыжэкIэ, фочауэхэм якъутэн хуейуэ. ИкIи, джэдыкIэ псори ямыкъутауэ нысашэр благъэкI хабзэтэкъым.

ДжэдыкIэпцIапцIэ - джэд щаукIкIэ, фэ тримыщIауэ и кIуэцIым къикI джэдыкIэрщ.

ДжэдыкIэхэс (Джылъахъстэней) - джэдыкIэ нэкъиж.

Тедзэным хуэзыгъэхьэзырар
КЪУМАХУЭ Аслъэнщ.

Укъагъэпэжынукъым

Тхыдэ

Ар белджылы зэрыхъурэ куэд щIащ. Хэбгъэзыхьмэ, Урысей къэралыгъуэр къыщыунэхуам къыщожьэ. Зи гугъу тщIыр европейхэм ныбжьэгъугъэкIэ уащыгугъ зэрымыхъунурщ. Ахэр хьэзырщ, езыхэм я щхьэхуещагъэ мурадхэр зрагъэхъулIэн папщIэ, дэтхэнэми епцIыжыну. Зи гугъу фхуэтщI Iуэхури абы щыщщ.

УРЫСЕЙ пащтыхь Петр Езанэм Европэр уэзыгъэлъагъу «щхьэгъубжэр къызэIуихащ». Ар абы куэдрэ щIэхъуэпсащ, елIэлIащ икIи къехъулIащ. Ар дэ дощIэ. Ауэ куэд щыгъуазэкъым «щхьэгъубжэр» мыхъуу, Европэм, адэкIи дуней псом я бжэр къызэIуихыфыну зэрыщытам, ныбжьэгъу къищIахэм лъакъуэпэщIэдз къыхуамыщIатэмэ.

Илъэс 325-рэ ипэкIэ, 1700 гъэм шыщхьэуIум и 30-м, Урысейм Швецием зауэ ирищIылIэри, щIидзащ илъэс 21-рэ махуэ 11-кIэ екIуэкIа Ищхъэрэ зауэшхуэм. Ар иухащ Урысейр текIуауэ, абы Балтие тенджызым и Iуфэм щыщ Iыхьэшхуэ къыIэщIыхьауэ. Ауэ зэрекIуэкIа илъэс бжыгъэм къыбжеIэ ар абы тыншу къызэремыхъулIам.

Абы щыгъуэми, Урысейм тенджызым Iухьэ гъуэгу пхишакIэт. 1696 гъэм, ЕтIуанэ Iузэв (Азов) зекIуэм иужькIэ, Урысейр лъэIэсат тенджыз ФIыцIэм. Абы уикIыу Хыкурых тенджызым утехьэныр зыми щыщтэкъым. Аратэкъэ Европэм и мызакъуэу Африки, уеблэмэ, Азии хъужыр?! Ар зригъэхъулIэн папщIэ Тыркур Iуигъэкlуэтын хуейт. Петр Езанэми а мурадыр зригъэхъулIэн папщIэ апхуэдэуи ищIащ: Тыркум и бийуэ зэкъуэува европей къэралхэм я зэгухьэныгъэм хыхьащ. Ахъшэшхуэ текIуадэу Урысейм зыхуигъэхьэзырырт Тыркум езэуэным. Абы папщIэ щIыхуэ къратыну елъэIуащ Инджылызымрэ Голландиемрэ.

АрщхьэкIэ псори къэкъутэжри, Урысейм зэуэ БалтикэмкIэ зигъэзащ. Сыт щхьэкIэ? Щхьэусыгъуэр къызэрыгуэкIт: зэгухьэныгъэм хэт къэралхэр къепцIыжауэ къыщIэкIащ - абы щыщ дэтхэнэми сулътIаным мамырыгъэ ирищIылIакIэт. Урысейр езым и закъуэ къихутэрт лъэщагъышхуэ зыбгъэдэлъ Тыркум и пащхьэм. Абы зыгуэрхэр къыпкъуэмыту утекIуэну къэплъытэныр щхьэгъэпцIэжт. Арати, Петр Езанэм БалтикэмкIэ зигъэзэн хуей хъуащ. Ар Швецием пэщIэувэну тезыгъэгушхуари щIэрыщIэу гуэгъу къыхуэхъуахэрщ-Даниер, Саксониер, Речь Посполитэр (Польшэр). Абыхэм Урысейр ягъусэу къызэрагъэпэщат Ищхъэрэ зэгухьэныгъэр. АрщхьэкIэ ныбжьэгъущIэхэр ныбжьэгъужьхэм нэхърэ нэхъыфIу къыщIэкIакъым: ахэри зыхущIэкъур Урысейм и хьэкъкIэ я щхьэ Iуэхухэр дагъэкIынырт. Я мурадыр зыхуэгъэзари а зэманым Европэм

щынэхъ лъэщ Швецием ирагъэзауэу, езыхэм щIыналъэщIэхэр яубыдынырт. Саксонием и тет икIи абы къыдэкIуэуи Речь Посполитэм и пащтыхь Август ЕтIуанэм чэнджэщэгъуу иIэт прибалтхэм къахэкIа Паткуль Иоганн гуэр. Абы езым и зиусхьэным жриIэрт: «Зэгухьэным теухуа зэгурыIуэныгъэм къыщыгъэлъэгъуэн хуейщ езым и зауэлIхэр яукIыхукIэ къимыкIуэту бийм пэщIэувэну Петр Езанэм къалэн зэрыщащIыр. ИтIанэ ди дзэхэр хъума хъунущ». Сыту ещхьыуэ а псалъэхэр «зы украини къэмынэжыху» зэуэн хуейуэ европейхэм мы зэманым Киев зэрыхуагъэувым. Зэрытлъагъущи, мурадми зихъуэжакъым: Урысейр сыт и лъэныкъуэкIи лъэрымыхь щIын, итIанэ абы и къулеигъэхэр зэрыпхъуэн!

Арати, гъусэ хуэхъуахэр къадэIэпыкъуным щыгугъ Урысейр зауэм хыхьащ нэуфIыцIщхьэрыуэу. Хэбгъэзыхьмэ, Август ЕтIуанэм и чэнджэщым едаIуэри, Петр Езанэр бийм щыпэщIэувар зэригугъам хуэдэу Нева и Iуфэркъым, атIэ Нарвэ и дежщ. Мис аращ Урысейм и зауэлIхэм а щIыпIэм удын хьэлъэ къыщрадзынри, зауэр апхуэдизу кIыхь хъунри къызыхэкIар.

ИужькIэ, дауи, щыIащ Полтави, урысейхэм къахьа нэгъуэщI текIуэныгъэхэри. Абы теухуауи зыми щIэ гуэр жиIэфынукъым.

АрщхьэкIэ европейхэр къызэрепцIыжам и зэранкIэ БалтикэмкIэ имыгъазэу, Петр Езанэм зэримурадам хуэдэу хуабэ щIыналъэхэмкIэ иунэтIамэ, Урысейми Европэми я теплъэр нэгъуэщIу щытынут, империем и щыхьэр хъунур Таганрогт. Урысейр хэпщIыкIыу икIи нэхъ псынщIэу лъэщу къызэфIэувэнут. ИтIанэ, уеблэмэ езы Урыс-Кавказ зауэри, шэч хэмылъу, щыIэнутэкъым. АрщхьэкIэ тхыдэм къэгъазэ ищIэркъым. Дэ мы тхыгъэмкIэ жытIэну дызыхуеяр европейхэм зэи укъызэрамыгъэпэжынурщ. Ар абыхэм къагъэлъэгъуащ - ипэIуэкIи иужькIи.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар
ШАЛ Мухьэмэдщ.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Бжьыхьэм и теплъэ зызыхъуэжыр

КъБР-м и Лъэпкъ музейм и пэшышхуэм «Бжьыхьэ. Фэеплъ» зыфIаща гъэлъэгъуэныгъэ щокIуэкI. Хабзэ хъуауэ, ар къызэрагъэпэщ КъБР-м и Къэралыгъуэмрэ къалэм и махуэмрэ ирихьэлIэу.

МУЗЕЙМ щагъэлъагъуэ сурэтыщI 52-м я лэжьыгъи 100-м щIигъу (живопись, графикэ, скульптурэ, монументальнэ гъуазджэ, упщIэм, ятIэ гъэжьам, пхъэм къыхэщIыкIа хьэпшыпхэр, Iэщэхэр, дыщэ-дыжьын-хэкIхэр). Лэжьыгъэхэр я теплъэкIи, плъыфэкIи, инагъ-цIыкIуагъкIи зэщхьэщокI. Мыхэр сурэтыщI Iэзэхэмрэ иджы дыдэ IэщIагъэм япэ лъэбакъуэ хэзычахэмрэ я IэдакъэщIэкIщ.

Хэку зауэшхуэм хэкIуэда зауэлIхэм, нарт эпосым къыхэщ лIыхъужьхэм, адыгэ пщащэхэм,Iуащхьэмахуэ, гъэм и зэманхэм, удз гъэгъахэм, нэгъуэщIхэми траухуа сурэтхэр ящIащ Ездэч Владимир, Бгъэжьнокъуэ Заурбэч, Тхьэзэплъыж Руслан, Иванниковэ Ольгэ, Иевлевэ Оксанэ, Ваниевэ Раисэ, Сорокин Сергей, Куп Эльмирэ, Ермолаевэ Аннэ, Палецкая Евгение, Жылэ Анатолэ, Джанкишиев Алий, Мазло Руслан, Маргъущ Анатолэ, Дзэгъэл Iэуес, Янин Александр, Акъсырэ Викторие сымэ. Лэжьыгъэхэм къыщыгъэлъэгъуэжащ псыежэхым хуэдэ гъащIэм и теплъэгъуэхэр, цIыхухэм я сурэтхэр.

Гъэлъэгъуэныгъэм хуэфащэ увыпIэ щаубыдащ иджырей гъуазджэм и унэтIыныгъэхэми. ХьэцIыкIу Милэ ятIэ гъэжьам къыхищIыкIа и хьэкъущыкъухэмрэ ГъукIапщэ Арсен и скульптурэмрэ сыт и лъэныкъуэкIи удэзыхьэхщ.

Нэхъыщхьэу мы гъэлъэгъуэныгъэр зытеухуар бжьыхьэм и теплъэ зызыхъуэжырщ. Аращи, сурэтхэм щынэрылъагъущ республикэм и щIыуэпсыр гъэм и сыт хуэдэ зэманми, махуэми жэщми зэрыдахэр. ГъэщIэгъуэнракъэ, ахэр плъэгъуа иужь, «къытезгъэзэжу сеплъэащэрэт» жыуагъэIэу малъхъэдисым хуэдэу узэщIашэ. СурэтыщIхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэмрэ и щIыуэпсымрэ хуаIэ лъагъуныгъэ иныр уздеплъ къудейм къыппкъырыхьэу къыщIэкIынущ.

ЗэрыжытIащи, мыбдеж щагъэлъагъуэ лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуэ щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэми щыщ. Ар адыгэм зэрихьэ Iэщэ-фащэхэрщ, хьэзырхэрщ, дыщэ, дыжьын бгырыпххэрщ, бгъэIулъхэрщ, бзылъхугъэхэм зэрызагъэдахэ цIуугъэнэхэрщ, арджэнхэрщ. Дыщэ IуданэкIэ хэдыкIа, дыщэидэ щIа къэлътмакъхэм, хъыджэбз хьэпшыпхэм къыпхуэзэIуах лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуэ тхыпхъэхэм я дахагъэр. Абыхэм къахощ адыгэм и блэкIар, и тхыдэ гъуэгуанэр, и щэнхабзэ, гъуазджэ хъугъуэфIыгъуэр.

Гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэIуахым зрагъэхьэлIащ республикэм и сурэтыщIхэм, гъуазджэр фIыуэ зылъагъухэм, къалэм и хьэщIэхэм. Лэжьыгъэхэр фокIадэм и 17 пщIондэ ягъэлъэгъуэнущ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэм къыбжаIэ куэд

Налшык администрацэмрэ къалэм зиужьынымкIэ «Платформа» институтымрэ къызэрагъэпэщ Iуэху дахэхэм ящыщ зыщ «Сходящиеся линии» и фIэщыгъэу мы махуэхэм къызэIуаха сурэт гъэлъэгъуэныгъэ гъэщIэгъуэныр. Налшык къалэм и махуэм хуэгъэпсауэ, сурэттех цIыхуихым я IэдакъэщIэкIхэр утыку къыщрахьащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр илъэси 100 зэрыхъум и цIэр зезыхьэ паркым ит галереем.

ХЬЭЦIЫКIУ Милэ, Бешто Далие, Къарей Элинэ, Кулатов Камиль, Хутэ Линэ, Шакъ Леонид сымэ Налшык хуаIэ еплъыкIэ-лъагъукIэр къызэщIеубыдэ гъэлъэгъуэныгъэм. ЦIыху къызэрыгуэкIым гу лъимытэу зыблэкIынкIэ хъуну Iуэхугъуэхэмкlэ, теплъэхэмкIэ къалэмрэ абы и дахагъэмрэ ди нэгу къыщIагъэхьэ сурэттех ныбжьыщIэхэм. Уэрамхэм узыщыхуэзэ цIыхухэри, къэкIыгъэхэри, ныбжь къудейхэри я «лIыхъужьщ» абыхэм нэ лейкIэ еплъ, а теплъэхэр зи Iэмэпсымэхэм къинэ цIыхухэм я дежкIэ. Мыхьэнэ зиIэр Iупщlу, ину плъагъум я закъуэкъым, лъапIэщ псэм зыхищIэ Iэуэлъауэ даущыншэри, абджым къытещ дыгъэ нэбзийри, блыным кIэридзэ ныбжьри, уэрамым и къэгъэшыпIэри, бжыхьым кIэщIэт банэри, жыхэфэгум щыжей джэдури. Сурэтхэм къищ Налшыкым и теплъэщ дахагъэри, гуапагъэри, гъэгъам къыпих мэ гуакIуэри, мыпIащIэу лъэс лъагъуэм ирикIуэ къалэдэсри, нэгъуэщI Iэджэхэри.

Зи лэжьыгъэ тлъагъу щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ я IэрыкIхэр трахащ полароидкIи, бжыгъэр зи лъабжьэ иджырей IэмэпсымэкIи, языныкъуэхэр щхъуэкIэплъыкIэщ, адрейхэр хужьрэ фIыцIэу зэхэлъщ. Ауэ псоми зы къалэнщ зэдагъэзащIэр: Налшык теухуа «хъыбархэр» зэхуахьэс, и теплъи, и гупсыси, и бэуэкIи ди нэгу къыщIагъэхьэным папщIэ. Ахэр зыдэлъ альбомхэр Iэлъэ хужь пIэрыгъыу зэбгъэдзэкIмэ нэхъ къащтэ, нэхъ хъума, зехьа хъунущи.

Гъэлъэгъуэныгъэм и фIэщыгъэм и мыхьэнэр сурэтхэм къытхуаIуатэ: итхъар (линэр) захуэуи зыкъэзыгъэшуи, зыр зым техьэуи ахэр зэблэмыкIыуи щытыфынущ, ауэ нэхъыщхьэр зым – щIыпIэмрэ зэманымрэ зэрызыхэпщIэм – зэрыхуэкIуэжырщ.

Зи IэдакъэщIэкI сурэтхэр налшыкдэсхэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ езыгъэлъагъуну мурад зыщIа сурэттеххэм я Iуэху бгъэдыхьэкIэри, я гупсысэ къэIуэтэкIэри, я лъагъукIэри зэщкъым, ар наIуэ тщащI выставкэм ди нэгу щыщIэкIхэм. Псалъэм и хьэтыркIэ, кадрым цIыху имытыныр зым и хъэтIмэ, адрейм щыгъын зэмыфэгъухэр зыщыгъыу къалэ уэрамым щыджэгухэр иболъагъуэ. Зыр ухуэныгъэм и къуапэхэр къыхигъэщхьэхукIмэ, адрейм фIэгъэщIэгъуэныр псэущхьэхэмрэ щIыуэпсымрэщ.

«Адыгэ псалъэ» газетым и фотокорреспондент Къарей Элинэ куэд щIащ щхьэгъубэ, бжэ, унэ кхъахэхэр и нэм къызэрыфIэнэрэ. «ЦIыхум изогъэщхь сэ ахэр. Дэ дызэрешым хуэдэ дыдэу, унэхэри ешу къысщохъу, - жеIэ Элинэ. – ЦIыхури зэманкIэ дахэщ, щIэращIэу мэпсэу, хуэмурэ и теплъэм зехъуэж, лъэрымыхь мэхъу. Аракъэ унэми, удзми, хьэпшыпми къащыщIыр? Псом хуэмыдэу ар ядэплъагъуэу къысфIощI бжэ-щхьэгъубжэхэм. Мис а къэхъугъэр икIи сфIэгъэщIэгъуэнт икIи сфIэнэщхъеягъуэт, гурыщIитIри си гум щызэблэсхъуурэ сакIэлъыплъырт».

Гъэлъэгъуэныгъэр фокIадэ мазэм ику хъухукIэ екIуэкIынущ. Махуэ гъунэгъухэм щыIэнущ сурэттеххэм уащыхуэзэ, уащепсалъэ хъуну зэIущIэ.

Тхыгъэри сурэтхэри **ИСТЭПАН Залинэ** *ейщ.*

ХЪЫЖЬРОКЪУЭ Азэмэт:

Жьым ириуда жыгыр зым и къарукIэ къыхуэIэтыжынукъым...

Адыгэм и Iэнэ лъакъуищым хуэдэщ ди бзэр, хабзэр, щэнхабзэр. Дуней псом дыкъызэрыщацIыхуа а фIыгъуэхэр дяпэкIи быдэу къызэтенэн щхьэкIэ дыхуэсакъыу зетхьэн хуейщ. Лъэпкъым и тхыдэр тщIэжыху, абы и щэнхабзэр тIэтыху ар псэущ.

ДЫЗЭРЫТ лъэхъэнэм зы лъэныкъуэкIи гугъу хъуащ жыхуэтIэхэр къохъулIэныр - хамэбзэхэр анэдэлъхубзэм и «гущIыIу» къокIуэ, щIэблэр нэгъуэщI щэнхабзэхэм дахьэх. Ауэ диIэщ адрей лъэпкъхэм дахэмышыпсыхьыжу дыкъызэрызэтенэным тегузэвыхь щIалэгъуали. Абы, шэч хэмылъу, урогушхуэ. Апхуэдэхэм я гупсысэ, Iуэху еплъыкIэ зэдгъэщIэным, фэри ахэр фэдгъэцIыхуным ирипытщэу, мы зы гъуэгукIэ «Адыгэ псалъэм» къедгъэблэгъар жылагъуэ Iуэхухэм пасэу дихьэха, хэкупсэу, жэуаплыныгъэ хэлъу зыкъэзыгъэлъэгъуэну хунэса Хъыжьрокъуэ Азэмэтщ.

Дыгулыбгъуей къуажэм щыщ щIалэм 2024 гъэм Москва дэт финанс-юридическэ академием и бакалавриатыр къиухащ, мы зэманым магистратурэм и щIэныгъэм щыпещэ. Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и дэIэпыкъуэгъуу, Азэмэт къыдэкIуэтей щIэблэм гъэсэныгъэ дахэ яхэлъу къэгъэтэджыным йогугъу. Къэбгъэлъагъуэмэ, 2016 гъэм Бахъсэн къалэм и ЩIалэгъуалэ администрацэм зэрыхыхьэрэ, зэрыхузэфIэкIкIэ хущIокъу лъэпкъ хабзэхэм нэхъыщIэхэр щыгъэгъуэзэным и гуащIэ зэрыхилъхьэным. Хъыжьрокъуэр жыджэру хэтащ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и «ЩIалэгъуалэ Гвардием» и щIыналъэ къудамэм икIи мызэмытIэу къэрал, щIалэгъуалэ зэхыхьэшхуэхэм ягъэкIуащ. И жыджэрагъым гу лъатэри, 2018 гъэм ар хагъэхьащ КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэми. 2020 гъэм щегъэжьауэ «Урысейм папщIэ» цIыхубэ фронт» урысейпсо зэгухьэныгъэм и щIыналъэ штабым хэту, щIалэр волонтёр лэжьыгъэм, цIыхухэм зэрызыщIагъакъуэ Iуэхухэм иужь итщ.

2021 гъэм Азэмэт къызэригъэпэщащ «Хабзэхъумэ ныбжьыщIэхэр» жылагъуэ дружинэр. Хабзэхъумэ IэнатIэхэм я гъусэу, дружинэм хэтхэр кIэлъоплъ Налшык къалэм и уэрамхэм жылагъуэ хабзэр зэрыщагъэзэщIэным, республикэм щIэпхъаджагъэм щыпэщIэтыным. 2022 гъэм Азэмэт дзэм къулыкъу щищIащ. Къигъэзэжа нэужь, жылагъуэ лэжьыгъэм щыпищэжащ «Боевое братство» зэгухьэныгъэм. Волонтёр лэжьыгъэм и гугъу пщIымэ, Хъыжьрокъуэм и гуащIэ хилъхьащ дзэ Iуэху хэхам щыIэхэм зэрадэIэпыкъур зэхуэхьэсынымрэ щIыналъэщIэхэм щыпсэухэм псом япэу зыхуеину хьэпшыпхэр яхуегъэшэнымрэ.

ЩIэблэр хэкупсэу къэгъэхъуным, жылагъуэ-къэрал Iуэхухэм жыджэру зэрыхэтым къыпэкIуэу, Хъыжьрокъуэ Азэмэт мызэ-мытIэу щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр къыхуагъэфэщащ, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм, КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм, щIыпIэ унафэр зезыхьэ IуэхущIапIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм къабгъэдэкIыу.

«Сыт языныкъуэхэр апхуэдэу хэкупсэ зыщIыр, къалэн пыухыкIахэр я пщэ зэрыдэлъыр зыхезыгъащIэр?!» - жысIэу сыщыщIэупщIэмкIэ, Азэмэт жэуап къызетыж:

- 8 - 9-нэ классхэм Москва курыт школым сыщеджащ, си адэ-анэр лэжьыгъэ IуэхукIэ ди щыхьэрым щыIэти. Абы щыгъуэрауэ къызолъытэ, журналхэм седжэми, политикхэр къызэрыпсалъэм седаIуэми, жылагъуэ Iуэхухэм нэхъыбэрэ зыщызгъэгъуазэу, сыдихьэхыу сыщыхъуар. Урысыбзэри нэхъ къэзгъэшэрыуа (а зэманым къуажэм адыгэбзэкIэ фIэкIа дыщыпсалъэу щытакъым), еджэнми фIыуэ сыхэзэгъа пэтми, си гур къызэныкъуэкъут Къэбэрдей-Балъкъэрым сыкъэкIуэжыну. ЦIыхур дэнэ щымыIэми и къуэпсхэр къыщежьэм зэреIэр, щалъхуа щIыналъэм нэхъ лъапIэ зэрыщымыIэр япэу щызыхэсщIар абдежщ. Къэзгъэзэжа нэужь, Бахъсэн къалэм ЩIалэгъуалэ администрацэ щызэхаша къудейуэ срихьэлIэри, абы занщIэу сыхыхьащ. Псори зэхэту илъэсипщI хъууэ къыщIэкIынщ жылагъуэ Iуэхум сызэрыхэтрэ. Япэ дыдэ гукъинэж сщыхъуауэ сызыхэтар 2014 гъэм КъБР-м и IэтащхьэмкIэ и унафэкIэ ягъэуваауэ щыта Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэм иращIэкIа зэхыхьэрт. ИужькIэ лэжьыгъэ купщIафIэхэр щызэфIэдгъэкIащ, ди къэухьым щыхэдгъэхъуащ КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм дыщыхэтами. Ар щIалэгъуалэм заужьынымкIэ IэмалыфIу къызолъытэ. Абы и фIыгъэкIэ гъунэгъу щIыналъэхэм я щIалэгъуалэм щыщ куэд къэтцIыхуащ, ныбжьэгъу къытхуэхъуащ. Къэбэрдей Адыгэ Хасэм пыщIа сызэрыхъуари мыхьэнэшхуэ зэстхэм ящыщщ, сыт щыгъуи лъэпкъ Iуэхум сригузавэу, зыгуэркIэ сэбэп сыхуэхъуарэт жысIэу щытщи.

- Азэмэт, зэрысщIэмкIэ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщIым уридэIэпыкъуэгъущ. Сыт хуэдэ пщэрылъхэр уиIэ?

- Абдежи къалэн нэхъыщхьэу догъэув щIэблэр хэкупсэу къэхъуным ди нэIэ тедгъэтыныр. ЦIыху хэтыкIэмрэ гъэсэныгъэмрэ иджыпсту иумыгъэгугъумэ, иужькIэ щIалэгъуалэр пIэщIэкIынущ. Гулъытэ хэха зыхуэтщIхэм ящыщщ терроризм, экстремизм гупсысэхэм ахэр пэIэщIэ тщIыныр. Абы и лъэныкъуэкIэ къыдогъэщхьэпэ ди лъэпкъ щэнхабзэ Iуэхухэр. Зы динми хэткъым лей зепхьэ хъуну. Абы къыхэкIыу фIымрэ Iеймрэ зэхагъэкIыфу щIэблэр дунэтIын хуейщ. Ди щIыналъэр нэхъри къэгъэщIэрэщIэжыныр, Кавказ Ищхъэрэм щыпсэухэм я зэныбжьэгъугъэ-зэпыщIэныгъэр нэхъри егъэфIэкIуэныр - мыхэр псори ди зэхуэдэ къалэнщ.

- Нэгъабэ «Дзэ-хэкупсэ Iуэхум зэрыхэлэжьыхьым папщIэ» медалыр къыпхуагъэфэщащ. Ар хэт къызыбгъэдэкIар?

- Дзэм къулыкъу щысщIа нэужь, 2024 гъэм КъБР-м и военкоматым пIалъэкIэ сыщылэжьащ. IуэхущIапIэм пщэрылъ къытщищIри, щIалэгъуалэм даIущIащ къэралым ухуэпэжыныр, Хэку лъагъуныгъэр зищIысыр, дзэ Iуэхум и мыхьэнэр, цIыхухъум дежкIэ лэжьыгъэ хуэхъуным куэд зэрелъытар, нэгъуэщI Iуэхугъуэ куэди къыщытIэта зэхыхьэхэм. Зи гугъу пщIы дамыгъэр къызыпэкIуар а лэжьыгъэращ.

- Къэбэрдей Адыгэ Хасэм илъэс зыбжанэ хъуауэ ухэтщ. Мы зэманым сыт хуэдэ Iуэхухэр евгъэкIуэкIрэ?

- Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ сэрэ иджыблагъэ Адыгэ ЩIалэгъуалэ хасэ къызэдгъэпэщащ. Иджыпсту абы и лэжьыгъэр зэрыдунэтIыным догупсыс. Ди мурадщ, лъэпкъ Iуэхум тегузэвыхь щIалэгъуалэр зэдгъэуIуу, щэнхабзэ Iуэху къызэдгъэпэщми, зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэр едгъэкIуэкIми, апхуэдэ щIыкIэкIэ дызэдэлэжьэну. ЩIалэгъуалэ Хасэм и унафэщIуи Мухьэмэд сигъэуващ.

- Азэмэт, уэ езыри щIалэгъуалэм уащыщщ. Сыт хуэдэ гугъуехьхэм, лъэпощхьэпохэм щIалэгъуалэр Iууэу гу лъыптэрэ?

- Пэжыр жысIэнщи, Iуэху зэIумыбз куэд щыIэщ. Псалъэм папщIэ, щIэныгъэ зэзыгъэгъуэтахэр, щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм къыхэкIыу, я IэщIагъэм иримылажьэу, ахъшэ къызыпэкIуэн лъыхъуэу нэгъуэщI щIыналъэхэм зэрыкIуэр. Гугъуехь нэхъыщхьэр зэпхауэ къэслъытэр къэралым зэхъуэкIыныгъэхэр зэрыщекIуэкIрэ, иужьрей илъэс 30-м, унагъуэ зэхущытыкIэхэм, абы илъыпхъэ хабзэхэм я мыхьэнэр зэрызыIэщIагъэхурщ - нобэ мылъку яIэмэ зэдопсэу, ямыIэрэ, зэбгрожыж. Мис ар нэхъ Iуэхугъуэ шынагъуэу къызолъытэ. ЦIыхугъэ, адыгагъэ, муслъымэныгъэ жыхуэтIэхэм нэхъ зыхуагъэзэну ди хъуэпсапIэщ. Ди япэ итахэм, ди нэхъыжьхэм я дежкIэ унагъуэр сыт щыгъуи лъэпкъым къэкIуэн зэриIэнум и нэщэнэу щытащ. Аращ дызэгупсысыпхъэр. Пэжщ, ди къэралыр мы зэманым хущIокъу бын къызыхэхъуэхэм зэрызащIигъэкъуэным. Ауэ а Iуэхуми зегъэужьыпхъэу къызолъытэ. Дауэ жыпIэмэ, цIыхум унагъуэ иухуэну мурад щищIам деж щегъэжьауэ, къэралыр дэIэпыкъуныр нэхъ сфIэкъабылщ. ЩIалэгъуалэр зыщыгугъын илъагъумэ, и лъэр нэхъ иукъуэдиифынущ, пщэдейрей махуэм нэхъ тегушхуэфынущ.

Шей удз щагъэкI губгъуэм зэ уитамэ, уи нэгу къыщIэбгъэхьэфынущ мы зи гугъу сщIынур. Мис абдеж къытрах шей тхьэмпэ ягъавэращ нэхъыфIу къалъытэр, абы къыщIэщэщыжауэ тхылъымпIэ плIимэ цIыкIухэм иракIутэракъым, пэжкъэ?!. Мис а шей удзым щIэщэщам хуэдэ дымыхъун папщIэ, хабзэр къэтIэтыжыным, лъэпкъым зыкъэтщIэжыным, дыкъэщIэрэщIэжыным, хабзэкIи фащэкIи нэгъуэщIхэм щапхъэ дахуэхъуу зэрыщытам къедгъэгъэзэжыным дегугъун хуейщ. Дызэрыгушхуэнщи, а Iуэхум и ужь ихьауэ къэплъытэ хъунущ. Жьым ириуда жыгыр зым и къарукIэ къыхуэIэтыжынукъым, ауэ дызэхыхьэмэ, ар къэтIэтыжынурэ хэтсэжыфынущ.

- Абу Хьэнифэ и цIэр зезыхьэ Кавказ Ищхъэрэ Ислъам университетми мы зэманым ущоджэ. СызэрыщыгъуазэмкIэ, хьэжыщIи ущыIащ мы гъэм.

- СызэрыцIыкIурэ ди анэшхуэм нэмэз ищIу слъагъуу щытати, диныр си гум илъу сыкъэхъуащ. Гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIи ар къыдэгугъуащ, уеблэмэ ткIийуэ къытхилъхьащ. Абы нэмыщI, Тыркум къиIэпхъукIыжауэ щыта адыгэ щIэныгъэлI Гуэщокъуэ Абдулбакъир Бахъсэн къыщыIэпхъуэжам илъэс 11 сыхъуу щIэздзэри, абы диным, хабзэм теухуауэ куэдым сыщигъэгъуэзащ. ХьэжыщI сыкIуэну сыщIэхъуэпсырт куэд щIауи, ар къызэрызэхъулIар зи фIыщIэр Къанокъуэ Арсенщ. Тхьэм игъэпсэу!

- Упсэу Азэмэт. Лъэпкъ IуэхухэмкIэ щIалэгъуалэм щапхъэ уахуэхъуну ди гуапэщ.

Епсэлъар **БАГЪЭТЫР Луизэщ.**

Саугъэтхэм щIэмыбэнхэр мэужьых

● Футбол

ЛъагапIэм унэсыну гугъэр щыхэпхыжам и деж адэкIэ уныкъуэкъуэну гугъущ. Аращ къащыщIыр Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и мыгъэрей гъэмахуэ зэхьэзэхуэм хэтхэм ящыщ куэдым.

АРГУДАН уикIыу Тэрч унэсыну е Ислъэмей щыщIэдзауэ Псынэдахэ удыхьэным гъуэгуанэ кIыхь дэлъкъым. Ахэр район зырыз щыщми, я зэхуаку километр 20-30 дэлъу аращ. А тIэкIур къызэранэкIыфакъым «Бедик»-мрэ «Ислъэмеймрэ» Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэр ирагъэкIуэкIын папщIэ. Арати, хабзэм тету, 0:3-уэ къыхагъэщIауэ ятхащ. Къытрагъэзэжмэ, къуэды-ирагъэтынущ.

ГурыIуэгъуэщ Аргудани Ислъэмеи я командэхэм мыгъэрей зэхьэзэхуэм къэнэжа зэIущIэхэм къахуихьышхуэ зэрыщымыIэр икIи иджыпсту яIыгъ увыпIэхэм щIагъуэу зэрызримыгъэхъуэжынур. Арщхьэкlэ республикэпсо утыку ущихьакIэ, екIуу абы итын хуейщ. Иджыри джэгугъуищ къэнэжащ икIи, ди жагъуэ зэрыхъущи, нэгъуэщI командэхэми зэрызыщIагъэхынум шэч къытетхьэркъым, илъэс къэс апхуэдэу къохъури. Абы къыхэкIыу зэхьэзэхуэр зэрырагъэкIуэкI щIыкIэм зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр хэлъхьэн хуейуэ къыдолъытэ, иужь дыдэ зэIущIэ пщIондэ бэнэныгъэр екIуэкIын хуэдэу. Къапщтэмэ, пэщIэдзэ, кIэух Iыхьэхэр щыIэу. НэхъыфIхэр медалхэм щIэбэнынт, адрейхэр зыхэт гупым къызэрыхэнэным хущIэкъунт. Иужь илъэсхэм къызэрагъэлъагъуэщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым и футболыр икъукIэ «сымаджэщ», «Спартак-Налшыкым» къыщыщIэдзауэ республикэ зэхьэзэхуэм и деж щиухыжу.

Зэхьэзэхуэм сыт хуэдэ увыпIэ щыпIыгъми ерыщу узэрыныкъуэкъуэн хуейм и щапхъэ къагъэлъэгъуащ Малкэмрэ Нартанымрэ я къуажэ командэхэм. Тхьэмахуэ кIуам абыхэм дэрэжэгъуэ ин иратащ я зэIущIэм кIэлъыплъахэм икIи тIуми зэхэту топибгъу зым адрейм худигъэкIащ.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр щызыIыгъхэм захъуэжакъым. «Родник»-м щыщ Урысбий Ратмиррэ «Ислъэмейм» щыджэгу Тамаев Аланрэ зэрыпашэщ. Абыхэм дэтхэнэми топ 20 мыгъэрей зэхьэзэхуэм щыдигъэкIащ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэу тхьэмахуэмрэ блыщхьэмрэ зэхэта зэIущIэ псоми къарикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Логоваз**» (Бабугент) – «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) – **3:0**, «**Малка**» (Малкэ) - «**Нартан**» (Нартан) – **5:4**, «**Тэрч**» (Тэрч) – «**Бедик**» (Аргудан) - **3:0** (хьэщIэхэр зэрымыкIуам къыхэкIыу), «Искра» (Алътуд) - «**Спартак-Д**» (Налшык) - 4:**0**, «**Родник**» (Псынэдахэ) - «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) – **3:0** (хьэщIэхэр зэрымыкIуам къыхэкIыу).

Дызыхуэкlуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зи чэзу джэгугъуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ щызэхэтынущ. А махуэхэм зэIущIэн хуейщ: фокIадэм и 13-м – «Черкес» - «Ислъэмей», «Бедик» - «Малка»; фокIадэм и 14-м - «Логоваз» - «Искра», «Урыху» - «Нартан», «Псыгуэнсу» - «Тэрч», «Спартак-Д» - «Родник» командэхэр.

ХЬЭТIОХЪУЩЫКЪУЕЙ Аслъэн.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Искра»**	**19**	**17**	**1**	**1**	**84-14**	**52**
2.	**«Родник»**	**18**	**17**	**0**	**1**	**91-15**	**51**
3.	**«Тэрч»**	**18**	**16**	**0**	**2**	**75-11**	**48**
4.	«Ислъэмей»	19	9	1	9	57-52	28
5.	«Нартан»	19	8	4	7	62-60	28
6.	«Спартак-Д»	19	7	4	8	48-49	25
7.	«Малка»	19	6	2	11	32-52	20
8.	«Псыгуэнсу»	19	6	2	11	33-65	20
9.	«Бедик»	19	5	3	11	29-69	18
10.	«Логоваз»	19	4	4	11	27-64	16
11.	«Черкес»	19	3	3	13	31-80	12
12.	«Урыху»	19	2	2	15	31-69	8

Ныпыр Iуащхьэмахуэ щагъэхуарзэ

Урысей МЧС-м и лэжьакIуэхэм Европэм и щыгу нэхъ лъагэ дыдэм - метр 5642-рэ зи лъагагъ Iуащхьэмахуэ - щаIэтащ Урысей МЧС-р илъэс 35-рэ зэрырикъум и ныпыр.

ЩIыхь зыпылъ а Iуэхур зэфIахащ Урысей МЧС-м и Iуащхьэмахуэ къэлъыхъуакIуэ-къегъэлакIуэ гупым хэтхэм.

Жьапщэшхуэм, пшагъуэм, лъышэ зэрахуримыкъум гугъу ящIырт джабэ задэм урикIуэныр, ауэ къегъэлакIуэхэм къалэн къыщащIар щIыхь пылъу зэфIахащ.

Урысей МЧС-м и лэжьакIуэхэр къэралым щыпсэу дэтхэнэми и чэзум дэIэпыкъуф, гузэвэгъуэм къыхэзышыф, хахуагъэрэ лIыгъэрэ къэзыгъэлъагъуэ защIэщ.

- Мы гъэм дэ догъэлъапIэ Министерствэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 35-рэ зэрырикъур. Абы и щIыхькIэ ди лэжьакIуэхэм, сыт щыгъуи псэемыблэжу цIыхухэр къегъэлыным хуэхьэзырхэм, Ныпыр драхьеящ Iуащхьэмахуэ щыгу. Дыщогугъ къытщIэхъуэ щIэблэм я дежкIэ ар бэшэчагъым, лIыгъэм, хахуагъэмрэ уи IэщIагъэр фIыуэ плъагъунымрэ я щапхъэ хъуну, - къыхигъэщащ Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Надежин Михаил.

Гъэмахуэ зыгъэпскIыгъуэр зэрекIуэкIар

Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм къыщапщытэжащ 2025 гъэм и зыгъэпскIыгъуэ пIалъэм кърикIуахэр. БлэкIа гъэмахуэм республикэм щыIащ дыгъэ зегъэупIэ зыгъэпсэхупIэу 10, кхъуафэжьей цIыкIухэм я гъэувыпIэу 3. ЦIыху куэдым зыщагъэпсэхуну псы Iуфэр къыхахащ хабзэм къигъэувхэм тету. А щIыпIэхэм егъэбыдылIауэ лэжьэну къегъэлакIуэхэр я къалэнхэм хагъэгъуазэри, удостоверенэхэр иратащ, я пщэрылъым зэрыхуэхьэзырым теухуауэ

ГЪЭМАХУЭ зыгъэпскIыгъуэм республикэм и псы ежэххэм, гуэлхэм къэхъукъащIэу щы щатхащ, ди жагъуэ зэрыхъущи, цIыхуи 3 хэкIуэдащ. Ахэр къыщыхъуащ зыщагъэпсэкIыну хуит щамыщI щIыпIэхэм.

Урысей МЧС-м и щIыналъэ управленэм псыхэм теухуауэ цIыхухэм я шынагъуэншагъэмкIэ и къудамэм, къегъэлакIуэхэмрэ щIыпIэ самоуправленэм и лэжьакIуэхэмрэ мы Iуэхум хухэхауэ кIэлъыплъыныгъэ 69-рэ ирагъэкIуэкIащ. Ахэр яхуэзащ икIи епсэлъащ еджапIэхэмрэ сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфIакIуэ лагерхэм щыIэ ныбжьыщIэхэмрэ лэжьакIуэхэмрэ. Псым шынагъуэншэу зэрызыщыбгъэпскIыным теухуа дерсхэм щIагъэдэIуащ сабии 1400-м щIигъу, икIи абыхэм хуагуэшащ буклет гъэщIэрэщIахэр.

УАРДЭ Жантинэ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Къаншокъуэ Эллэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.292
Заказыр №1968
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, *корректорхэу* ПхытIыкI Марие *(2, 4-нэ нап.)*, Нэужьокъуэ Заирэ *(1, 3-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* Елмэс ФатIимэ.

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.

Сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.